

***PRINSIP KESANTUNAN ING NASKAH KETHOPRAK UDHARE
JANGET KINATELON ANGGITANIPUN GONDHOL SUMARGIYONO***

SKRIPSI

Kaaturaken Dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Minangka Jejangkeping Pendaran

Anggayuh Gelar

Sarjana Pendidikan



Dening

Nurul 'Aini Zainatuz Zuhriyah

NIM 09205244069

**PROGAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2013**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Prinsip Kesantunan ing Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon Anggitanipun Gondhol Sumargiyono* menika saged dipunuji awit sampun pikantuk palilah dening pembimbing.



Yogyakarta, 17 Juni 2013

Pembimbing I

Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum

NIP 19571231 198303 2 004

Yogyakarta, 14 Juni 2013

Pembimbing II

Siti Mulyani, M. Hum.

NIP 19620729 198703 2 002

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Prinsip Kesantunan wonten Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon Anggitanipun Gondhol Sumargiyono* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 25 Juni 2013 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

| Asma | Jabatan | Tapak | Tanggal |
|-----------------------------------|--------------------|---|----------|
| Hardiyanto, M. Hum | Ketua Penguji |  | 12/07-13 |
| Siti Mulyani, M. Hum | Sekretaris Penguji |  | 11/07-13 |
| Mulyana, M. Hum | Penguji I |  | 11/07-13 |
| Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum | Penguji II |  | 11/07-13 |

Yogyakarta, 12 Juli 2013

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani

NIP.19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingang tandha tangan ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Nurul 'Aini Zainatuz Zuhriyah**

NIM : 09205244069

Prog. Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih *skripsi* menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing *skripsi* menika beda kaliyan *skripsi* ingkang sinerat dening tiyang sanesipun, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratan. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 14 Juni 2013

Panyerat



Nurul 'Aini Zainatuz Zuhriyah

SESANTI

Jer basuki mawa beya

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur dhumateng Allah SWT *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhumateng: Bapak kaliyan Ibu kula ingkang sampun paring
panyengkuyung saha pandonga.

PRAWACANA

Puji sukur konjuk ing ngarsaning Allah SWT awit sampun paring kasarasan, kanikmatan, saha kabegjan satemah *skripsi* kanthi irah-irahan “*Prinsip Kesantunan ing Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon Anggitanipun Gondhol Sumargiyono*”, sampun pungkasan anggenipun nyerat. *Skripsi* menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling pendadaran anggayuh gelar Sarjana Pendidikan.

Skripsi menika saged pungkasan anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng.

1. Bapak Prof. Dr. Rochmat Wahab, M. Pd. MA, minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni ingkang sampun paring kalodhangan anggen kula nyerat *skripsi* menika.
3. Dr. Suwardi, M. Hum minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangge nglampahi panaliten menika.
4. Ibu Prof. Endang Nurhayati, M. Hum minangka pembimbing I saha Ibu Siti Mulyani, M. Hum minangka pembimbing II, ingkang sampun kersa paring bimbingan saha ngelmi ingkang migunani saengga *skripsi* menika saged dipunpungkasi kanthi sae.
5. Bapak Drs. Afendy Widayat, M. Phil, minangka Pembimbing *Akademik* ingkang sampun maringi bimbingan saha pandom salebeting kula sinau wonten ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni inggih ingkang murakabi tumrap panyerat saha staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun mbiyantu babagan administrasi tumrap panyerat.
7. Bapak Sugiyono, Ibu Titin Sri Utami, Bulik Endah, Om Muji, Mas Aik, Mbak Kris, Mas Nur, Mbak Ratna, Mbak At, Manan, Ibnu, Mas Bangun saha Mbak

8. Cemeng ingkang sampun paring panjurung saengga tansah tatag teteg satemah tutug tumrap panyerat saengga *skripsi* menika saged kaimpun.
9. Kanca-kanca kelas H / 2009 saha kanca-kanca UKM Kamasetra ingkang sampun paring panjurung saha paring donga anggenipun nyerat *skripsi* menika.
10. Kanca-kanca Pendidikan Bahasa Jawa sarta sadaya pihak ingkang sampun mbiyantu boten saged kula sebutaken sadaya, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga *skripsi* menika saged kaimpun.

Skripsi menika tasih dereng kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, panyerat nyuwun pamrayogi saha panyaruwe ingkang tumuju amrih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning asiling panaliten menika. Wasana, mugi *skripsi* menika sageda murakabi.

Yogyakarta, 14 Juni 2013

Panyerat



Nurul 'Aini Zainatuz Zuhriyah

WOSING ISI

| | |
|---|------|
| | kaca |
| IRAH-IRAHAN..... | i |
| PASARUJUKAN | ii |
| PANGESAHAN | iii |
| WEDHARAN..... | iv |
| SESANTI | v |
| PISUNGSUNG..... | vi |
| PRAWACANA | vii |
| WOSING ISI..... | ix |
| <i>DAFTAR TABEL</i> | xii |
| <i>DAFTAR LAMPIRAN</i> | xiii |
| SARINING PANALITEN | xiv |
| <i>DAFTAR SINGKATAN</i> | xv |
| | |
| BAB I PURWAKA..... | 1 |
| A. Dhasaring Panaliten..... | 1 |
| B. Underaning Prekawis | 4 |
| C. Watesaning Panaliten | 4 |
| D. Wosing Prekawis..... | 5 |
| E. Ancasing Panaliten..... | 5 |
| F. Paedahing Panaliten | 6 |
| G. Tembung-tembung Mirunggan | 6 |
| | |
| BAB II GEGARAN TEORI | 8 |
| A. Gegaran Teori | 8 |
| 1. Pangertosan <i>Pragmatik</i> | 8 |
| 2. <i>Konteks</i> | 10 |
| 3. <i>Prinsip</i> Kesantunan ing Pirembagan | 12 |
| a. <i>Maksim</i> Kawicaksanaan | 13 |
| b. <i>Maksim</i> Kamirahan | 15 |
| c. <i>Maksim</i> Pangalembana | 17 |

| | |
|--|----|
| <i>d. Maksim Andhap Asor</i> | 19 |
| <i>e. Maksim Sarujuk</i> | 21 |
| <i>f. Maksim Tega Slira</i> | 23 |
| 4. Ukuran Kesantunan..... | 25 |
| 5. Pangertosan Kethoprak | 26 |
| 6. Kethoprak <i>Udhare Janget Kinatelon</i> | 28 |
| B. Nalaring Pikir | 29 |
| C. Panaliten ingkang Jumbuh..... | 31 |
| BAB III CARA PANALITEN | 32 |
| A. <i>Pendekatan</i> Panaliten | 32 |
| B. <i>Data</i> saha Sumberipun <i>Data</i> | 32 |
| C. Caranipun Ngempalaken <i>Data</i> | 33 |
| D. Pirantining Panaliten | 34 |
| E. Caranipun Ngudhari <i>Data</i> | 36 |
| F. <i>Validitas</i> saha <i>Reliabilitas</i> | 38 |
| BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN | 39 |
| A. Asiling Panaliten | 39 |
| B. Pirembagan | 47 |
| 1. Wosipun Pirembagan ingkang Jumbuh kaliyan <i>Prinsip</i> Kesantunan..... | 48 |
| <i>a. Maksim Kawicaksanan</i> | 48 |
| <i>b. Maksim Kamirahan</i> | 53 |
| <i>c. Maksim Pangalembana</i> | 57 |
| <i>d. Maksim Andhap Asor</i> | 60 |
| <i>e. Maksim Sarujuk</i> | 64 |
| <i>f. Maksim Tega Slira</i> | 69 |
| 2. Wosipun Pirembagan ingkang Nyebal saking <i>Prinsip</i> Kesantunan..... | 71 |
| <i>a. Maksim Kamirahan</i> | 72 |
| <i>b. Maksim Pangalembana</i> | 74 |

| | |
|------------------------------------|----|
| <i>c. Maksim Andhap Asor</i> | 76 |
| <i>d. Maksim Sarujuk</i> | 80 |
| <i>e. Maksim Tapa Slira</i> | 84 |
| BAB V PANUTUP | 87 |
| A. Dudutan | 87 |
| B. <i>Implikasi</i> | 90 |
| C. Pamrayogi | 90 |
| DAFTAR PUSTAKA | 92 |
| LAMPIRAN | 94 |

DAFTAR TABEL

| | |
|---|------|
| | Kaca |
| <i>Tabel 1: Wosipun Pirembagan ingkang Jumbuh kaliyan Prinsip Kesantunan saha Pirembagan ingkang Nyebal saking Prinsip Kesantunan ing Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon.....</i> | 39 |

DAFTAR LAMPIRAN

| | |
|--|------|
| | Kaca |
| <i>Data Prinsip</i> Kesantunan ing Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon Anggitanipun Gondhol Sumargiyono..... | 94 |
| Naskah Kethoprak <i>Udhare Janget Kinatelon</i> Anggitanipun Gondhol Sumargiyono..... | 118 |

**PRINSIP KESANTUNAN ING NASKAH KETHOPRAK UDHARE
JANGET KINATELON ANGGITANIPUN GONDHOL SUMARGIYONO**

**Dening: Nurul ‘Aini Zainatuz Zuhriyah
NIM 09205244069**

SARINING PANALITEN

Ancasing panaliten menika njlentrehaken 1) wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan; 2) wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan; saha 3) ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika awujud ukara-ukara ingkang dipunlesanaken dening para paraga. Sumber *data*-nipun inggih menika naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono. Caranipun ngempalaken *data* inggih menika kanthi teknik maos saha nyerat. *Data* dipunudhari ngginakaken *teknik analisis deskriptif*. Caranipun manggihaken *validitas* data ngginakaken *triangulasi teori* saha pamanggihipun para ahli, lajeng kangge manggihaken *reliabilitas* data ngginakaken *reliabilitas stabilitas*.

Asiling panaliten inggih menika kapanggihaken pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan inggih menika panutur mbelani mitra tutur, panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur, saha panutur ngaturi mitra tuturipun supados sumene rumiyin. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan inggih menika panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur saha panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana inggih menika panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor inggih menika panutur ngakeni lepatipun saha panutur ngawon-awonaken piyambakipun wonten sangajengipun mitra tutur. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk inggih menika panutur nindakaken kersanipun mitra tutur saha panutur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* tepa slira inggih menika panutur ngaturi mitra tuturipun supados boten menggalih sanget-sanget.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kamirahan inggih menika panutur nyuwun peparang saking mitra tuturipun. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* pangalembana inggih menika panutur nyariosaken awonipun mitra tutur. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk inggih menika panutur nyelani pangandikanipun mitra tutur saha panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira inggih menika panutur nyepelekaken kawontenanipun mitra tutur. Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran tuna-begja, ukuran langsung-boten langsung, saha ukuran *keotoritasan*.

DAFTAR SINGKATAN

| | |
|----------|---|
| a | : <i>maksim</i> andhap asor |
| J | : jumbuh |
| <i>j</i> | : ukuran kesantunan jarak sosial |
| l | : ukuran kesantunan langsung-boten langsung |
| m | : <i>maksim</i> kamirahan |
| N | : nyebal |
| o | : ukuran kesantunan <i>keotoritasan</i> |
| p | : <i>maksim</i> pangalembana |
| pl | : ukuran kesantunan pilihan |
| t | : <i>maksim</i> tepa slira |
| tb | : ukuran kesantunan tuna-begja |
| w | : <i>maksim</i> kawicaksanan |

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa inggih menika piranti kangge pirembagan. Pirembagan menika wosipun ngandharaken panguneg-uneg. Panguneg-uneg menika arupi penggalihan, gagasan, kekajengan, saha pangraos.

Salah satunggaling seni ingkang saged dipunginakaken kangge ngandharaken panguneg-uneg inggih menika kethoprak. Kethoprak inggih menika tontonan kanthi iringan gamelan Jawi ingkang ngandhut budayanipun tiyang Jawi, inggih busana saha riasipun. Kethoprak inggih menika sandiwara tradisional ingkang dipunparagakaken dening tiyang. Limrahipun, kethoprak nyariosaken sujarah, panji, utawi babad. Titikanipun ingkang khas saking kethoprak inggih menika wontenipun kenthongan minangka pamurba wiramanipun. Wonten salebeting kethoprak kathah dipunpanggihaken pirembagan. Pirembagan menika dipuntindakaken dening paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun.

Pirembagan menika kedah ngginakaken unggah-ungguh, amargi unggah-ungguh menika wigatos sanget tumrap lancaring pirembagan. Boten sedaya pirembagan menika dipuntanggapi dening mitra tutur kanthi remening penggalih. Kanthi ngginakaken unggah-ungguh kaangkah pikantuk tanggapan ingkang *positif* saking mitra tutur. Caranipun mujudaken unggah-ungguh ingkang sae ing pirembagan ing madyaning masyarakat menika salah satunggalipun kanthi nggatosaken *prinsip* kesantunan.

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun cara ingkang dipuntindakaken miturut pranatan ingkang magepokan kaliyan tindak-tanduk saha pocapan ingkang trep amrih lancaring pirembagan. *Prinsip* kesantunan menika nata lampahing pirembagan antawisipun penutur saha mitra tuturipun amrih pikantuk tanggapan ingkang sae satemah badhe lancar anggenipun rerembagan.

Miturut Leech (lumantar Rahardi, 2005:59) *prinsip* kesantunan menika dumados saking enem *maksim*. Maksim kesantunan ngewrat perangan-perangan kados mekaten: *kebijaksanaan* (kawicaksanan), *kemurahan* (kamirahan), *penerimaan/pujian* (pangalembana), *kerendahan hati* (andhap asor), *kecocokan* (sarujuk), saha *kesimpatisan* (tepa slira). Maksim inggih menika kaidah basa ingkang nata solah bawa, panganggenipun basa, saha tafsiran-tafsiran tumraping solah bawa saha pocapanipun mitra tutur.

Cara ngurmati tiyang sanes ing pirembagan menika kejawi tansah nggatosaken *prinsip* kesantunan ugi kedah nggatosaken kados pundi ukuran kesantunanipun. Ukuran kesantunanipun saged dipuntingali saking ukuran kesantunan *untung-rugi* (tuna-begja), ukuran kesantunan pilihan, ukuran kesantunan *ketidaklangsungan* (langsung-boten langsung), ukuran kesantunan *keotoritasan*, utawi ukuran kesantunan jarak sosial.

Tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan menika kados mekaten.

Kawontenanipun : Rerembagan menika dumados antawisipun Pangeran Samber
nalika Nyawa kaliyan andhahanipun, Prawira Peksa, ing pasewakan
rerembagan ing Mangkunegaran. Prawira Peksa sumerep Pangeran Samber
Nyawa saweg menggalih. Prawira Peksa ngaturi Pangeran
Samber Nyawa supados sampun menggalih sanget-sanget

Samber Nyawa : (cuwa penggalihe sawise pun tapakasmani bedhamen Salatiga)
 Prawira Peksa : (nyembah)”Njeng Pangeran. Sampun ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. **Slira dalem mangke gerah lho.**”

Tumenggung Prawira Peksa ngaturi Pangeran Samber Nyawa supados boten menggalih sanget-sanget mindhak gerah. Tumindak menika katitik saking pangandikanipun, “Sampun ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. Slira dalem mangke gerah lho”. Tumenggung Prawira Peksa ngutamekakaen raos tepa slira dhumateng Pangeran Samber Nyawa. Kanthi mekaten, pirembagan ing nginggil menika kalebet tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* tepa slira. Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* tepa slira amargi trep kaliyan gagasan pokok *maksim* tepa slira bilih tiyang-tiyang ingkang gineman menika kedah ngutamekakaen raos tepa slira antawisipun tiyang satunggal dhateng tiyang sanes.

Tuladha ing nginggil menika dipunpendhet saking naskah kethoprak anggitanipun Gondhol Sumargiyono kanthi irah-irahan *Udhare Janget Kinatelon*. Sejatosipun tasih kathah pirembagan ingkang mujudaken *maksim-maksim* sanesipun. Boten namung tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ananging ugi wonten tuladha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan.

Babagan menika pantes dipunteliti amargi naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika ngewrat tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha tuladha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip*

kesantunan. Pungkasanipun, tuladha pirembagan menika kaangkah saged dados dhasar anggenipun rerembagan ing pagesangan pedintenan.

B. Underaning Prekawis

Adhedhasar dhasaring panaliten ing nginggil, salajengipun saged dipunpendhet underaning perkawis. Underaning perkawis saking panaliten menika rinacik mekaten.

1. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.
2. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.
3. Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.
4. Cacahipun rerembagan ingkang jumbuh *prinsip* kesantunan kaliyan rerembagan ingkang nyebal saking *prinsip kesantunan* ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.

C. Watesaning Prekawis

Panaliten menika boten badhe ngrembag sedaya perkawis ing underaning perkawis. Prekawis ingkang badhe dipunrembag ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono menika namung dipunwatesi perkawis-prekawis ing ngandhap menika.

1. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.

2. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.
3. Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.

D. Wosing Prekawis

Wosing prekawis panaliten inggih menika:

1. kados menapa wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono miturut *maksim* kesantunan?
2. kados menapa wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono miturut *maksim* kesantunan?
3. kados menapa ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken dening paraga ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten inggih menika:

1. njlentrehaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono miturut *maksim* kesantunan.

2. njlentrehaken wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono miturut *maksim* kesantunan.
3. njlentrehaken ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika kaangkah nggadahi paedah kados mekaten:

1. tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika kangge sinau babagan unggah-ungguh perangan undha-usuking basa kanthi nggatosaken *prinsip* kesantunan.
2. tuladha pirembagan ingkang ngginakaken *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika kangge tuntunan anggenipun rerembagan kaliyan tiyang sanes ing madyaning masarakat amrih lancaring pirembagan.

G. Tembung-Tembung Mirunggan

Prinsip Kesantunan : salah satunggalipun cara ingkang dipuntindakaken dening panatur saha mitra tutur miturut pranatan ingkang magepokan kaliyan tindak-tanduk saha pocapan ingkang trep amrih lancaring pirembagan.

Naskah Kethoprak : pancelathonipun paraga ing kethoprak.

Kethoprak : tontonan drama tradisional ingkang ngginakaken Basa Jawi, kairing gamelan Jawi, saha ngginakaken

kenthongan minangka pamurba wiramanipun.

Kethoprak nyariosaken sujarah, cariyos panji, utawi babad.

Kethoprak Udhare : kethoprak anggitanipun Gondhol Sumargiyono
Janget Kinatelon : ingkang nyariosaken lampahanipun Pangeran Sember Nyawa

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Gegaran Teori

Panaliten kanthi irah-irahan *Prinsip Kesantunan ing Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon Anggitanipun Gondhol Sumargiyono* menika kalebet panaliten *Pragmatik*. Kangge manggihaken pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan menika panaliti kedah nggatosaken kawontenanipun nalika pirembagan. Trep kaliyan pangertosan *pragmatik* miturut Levinson (lumantar Nababan, 1987:2), kangge mangertosi tegesipun ujaran basa menika kedah mangertosi kawontenanipun nalika pirembagan.

Gegaran teori ingkang bandhe kababar ing ngandhap inggih menika babagan pangertosan *pragmatik*, *konteks*, *prinsip* kesantunan ing pirembagan, saha ukuran kesantunan.

1. Pangertosan *Pragmatik*

Pamanggihipun Purwo (1990:16), *pragmatik* inggih menika ngelmu ingkang magepokan kaliyan tegesipun satunggaling tuturan. Pamanggih ingkang sami ugi dipunadharaken dening Tarigan (1986:31), *pragmatik* menika nyinau teges ingkang wonten sesambetanipun kaliyan kawontenan nalika pirembagan.

Miturut Leech (lumantar Oka, 1993:8) *pragmatik* inggih menika ngelmu babagan teges ingkang wonten sesambetanipun kaliyan kawontenan-kawontenan nalika pirembagan. Kawontenan nalika pirembagan menika antawisipun: panutur

saha lawan tutur, *konteks* tuturan, ancasipun tuturan, tuturan minangka wujud tumindak, saha tuturan minangka asiling tumindak *verbal*.

Soeparno (2002:27) ugi ngandharaken pangertosan *pragmatik* ingkang sami kaliyan Leech bilih *pragmatik* menika wonten sesambetanipun kaliyan kawontenan nalika pirembagan. Tegesipun *pragmatik* miturut Soeparno (2002:27) inggih menika peranganipun ngelmu *linguistik* (basa) ingkang ngrembag babagan cak-cakanipun utawi panganggenipun basa ing pirembagan. Anggenipun ngecakaken basa utawi ngginakaken basa ing pirembagan menika kedah tansah nggatosaken kawontenan, ancasipun pirembagan, saha kalenggahanipun mitra tutur.

Wonten malih pamanggihipun para ahli babagan pangertosan *pragmatik*. Tegesipun *Pragmatik* miturut Morris (lumantar Nababan, 1987:1) inggih menika seserepan babagan sesambetanipun peranganipun basa kaliyan ingkang ngginakaken basa menika. Salajengipun Alwasilah (2005:19) ngandharaken bilih *pragmatik* menika peranganipun ngelmu *linguistik* (basa) ingkang ngrembag babagan lampahipun pirembagan mliginipun babagan caraning tegesipun pirembagan menika dipunasilaken dening panutur saha prekawis ingkang dipunpenggalih dening mitra tutur.

Saking sedaya pamanggihipun para ahli ing nginggil, saged kependhet dudutan bilih *pragmatik* inggih menika perangan ngelmu basa ingkang ngrembag panganggenipun basa ing pirembagan. Panganggenipun basa ing pirembagan menika kedah nggatosaken kawontenan-kawontenan nalika pirembagan ing antawisipun panutur saha mitra tutur, *konteks* tuturan, ancasipun tuturan, tuturan

minangka wujud tumindak, saha tuturan minangka asiling tumindak *verbal*. Pamanggih ing nginggil menika salajengipun dados pathokanipun panaliten menika.

2. *Konteks*

Menawi badhe ngudhari pirembagan menika prayoginipun ngginakaken *konteks*. *Konteks* menika kangge mbiyantu mangertosi dhasaring pangandikan ing satunggaling pirembagan.

Miturut Halliday (lumantar Barori, 1994:6), tegesipun *konteks* inggih menika teks ingkang nggambaraken teks. Teks ingkang nggambaraken teks menika tegesipun boten namung ingkang dipunserat kaliyan dipunlesanaken ananging kalebet ugi kawontenan-kawontenan *nonverbal* sanesipun saha sedaya kawontenan sakiwa-tengenipun teks menika.

Salajengipun wonten pamanggihipun Mulyana (2005:21) ingkang ngandharaken kawontenan sakiwa-tengenipun teks. Miturut Mulyana (2005:21) *konteks* inggih menika latar (panggenan, wekdal, saha kawontenan) dumadosipun satunggaling pirembagan. *Konteks* menika minangka sebab musabab dumadosipun satunggaling pirembagan. Prekawis-prekawis ingkang wonten sesambetanipun kaliyan tuturan (tegesipun, kekajenganipun, wedharan) gumantung kaliyan *konteks* ingkang nglumantari wontenipun pirembagan.

Wonten malih pamanggihipun Kridalaksana (2008:13) ingkang sami kaliyan pamanggihipun ing nginggil bilih *konteks* menika magepokan kaliyan kawontenan-kawontenanipun nalika pirembagan. Kridalaksana (2008:13) ngandharaken tegesipun *konteks* inggih menika perangan-peranganipun

kawontenan *fisik* utawi sosial ingkang sesambetan kaliyan satunggaling ujaran; gambaran (ngelmu) ingkang gathuk antawisipun panutur kaliyan ingkang mirengaken, satemah tiyang ingkang mirengaken saged mangertos kekajenganipun panutur.

Dudutanipun, tegesipun *konteks* inggih menika latar (panggenan, wekdal, saha kawontenan) dumadosipun satunggaling pirembagan. *Konteks* ingkang badhe dipunginakaken kangge ngudhari pirembagan ing panaliten menika inggih menika *konteks* miturut Dell Hymes. Miturut Dell Hymes (lumantar Chaer saha Leonie Agustina, 2004:48-49) *konteks* dipunperang dados 8 piranti tutur ingkang dipunsingkat dados *SPEAKING* (*setting and scene, participants, ends, act sequence, key, instrumentalities, norm of interaction and interpretation, saha genre*). Wondene wolung piranti tutur menika dipunandharaken kados mekaten.

- a. *Setting and scene*. *Setting* menika magepokan kaliyan babagan wekdal saha papan dumadosipun pirembagan, dene *scene* menika magepokan kaliyan kawontenan wekdal saha papan utawi kawontenan *psikologis* pirembagan.
- b. *Participants* inggih menika sedaya tiyang ingkang ndherek pirembagan, tiyang ingkang ngendika saha tiyang ingkang mirengaken.
- c. *Ends*, nggambaraken kekajenganipun saha ancasipun pirembagan.
- d. *Act sequence*, nggambaraken wujud saha wosipun pirembagan. Wujudipun pirembagan menika babagan tembung-tembung ingkang dipunginakaken, kados pundi pangangenipun, saha sesambetan

antawisipun menapa ingkang dipunngendikakaken kaliyan wosipun pirembagan.

- e. *Key*, nggambaraken kados pundi caranipun ngendika. Kanthi bingah, bombong, gemedhe, nyaruwe, lan sapiturutipun.
- f. *Instrumentalities*, nggambaraken piranti ingkang dipungginakaken ing satunggaling pirembagan. Saged mawi lesan, sinerat, utawi telepon.
- g. *Norm of Interaction and Interpretation*, nedahaken *norma* utawi pranatan ingkang dipunginakaken. Tuladhanipun inggih menika ingkang sesambetan kaliyan caranipun nyuwun pirsu, suka pamrayogi, lan sanes-sanesipun.
- h. *Genre*, nggambaraken wujudipun pirembagan menika, saged arupi cariyos, gancaran, geguritan, do'a, lan sanes-sanesipun.

3. *Prinsip Kesantunan ing Pirembagan*

Miturut Grice (lumantar Rustono, 1999:66) *prinsip* kesantunan menika magepokan kaliyan pranatan babagan perangan-perangan ingkang asipat sosial, *estetis*, saha moral nalika pirembagan, dene miturut Lakoff (lumantar Rustono, 1999:66) *prinsip* kesantunan menika ngewrat 3 perangan ingkang kedah dipuntindakaken supados pirembagan menika santun inggih menika *formalitas*, *ketidaktegasan*, saha *persamaan/kesekawanan*. Beda malih kaliyan *prinsip* kesantunan miturut Fraser (lumantar Rustono, 1999:68), *prinsip* kesantunan menika adhedhasar cara-cara ingkang kedah dipuntrapaken supados pirembaganipun menika santun.

Brown kaliyan Levinson (lumantar Rustono, 1999:68) ngandharaken bilih *prinsip* kesantunan menika magepokan kaliyan *nosi muka positif* kaliyan *muka negatif*. *Muka positif* inggih menika magepokan kaliyan pribadhi ingkang kagungan kekajengan supados menapa kemawon ingkang dipuntindakaken, menapa kemawon kagunganipun, utawi menapa kemawon perangan-perangan ingkang dipunpitadosi menika saged dipunakeni dening tiyang sanes minangka tumindak ingkang sae.

Prinsip kesantunan menika sesambetan kaliyan pribadhi ing pirembagan. Pribadhi kasebut inggih menika piyambakipun saha tiyang sanes. Piyambakipun minangka panutur, saha tiyang sanes minangka mitra tuturipun.

Prinsip kesantunan menika dumados saking 6 *maksim*, inggih menika *maksim* kawicaksanan, *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, saha *maksim* tepa slira. Ing ngandhap menika badhe dipunrembag 6 *maksim* menika kanthi terang.

a. Maksim Kawicaksanan

Miturut Mulyani (2004:41), wujudipun *maksim* kawicaksanan inggih menika tansah ngutamekaken begjanipun tiyang kanthi ngirangi boten tunanipun liyan nalika pirembagan. Miturut Rahardi (2005:60), tiyang ingkang tansah ngetrapaken *maksim* kawicaksanan saged dipunsebut tiyang ingkang santun. Tiyang ingkang tansah adhedhasar *maksim* kawicaksanan nalika gineman, satemah badhe nebihaken tumindak-tumindak ingkang kirang santun tumrapipun mitra tutur.

Tuladhanipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan inggih menika kados mekaten.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember nalika Nyawa kaliyan rakyatipun ing Mangkunegaran. Pangeran pirembagan Sember Nyawa boten sarujuk kaliyan wosipun serat prajanjian Salatiga. Pangeran Sember Nyawa medharaken kekajenganipun bilih badhe nundhung Walandi amrih muktining rakyatipun.

Samber Nyawa : “dudu iki sing tak jaluk (sinambi ngremet surat prajanjian). Dudu iki sing tak ajab. Aku mung kepingin Landa ora ngobrak-abrik tatanan ing bumi Mataram, bumi kelairanku. Sinuwun Paku Buwana ming dadi sranane Landa. Dene wayange pepatih dalem. Kawula wis padha dadi kurban, mula iki dudu pungkasane Samber Nyawa. Mokal yen aku bakal ngrampungki kecarepan nundhung Landa. Yen aku mukti, **kabeh kudu mukti. ti ji ti beh.** Mukti siji mukti kabeh, mati siji mati kabeh. Allahu Akbar.”

Rakyat : “*tijitibeh.* Mati siji mati kabeh.”

(Data 1)

Ing pirembagan ing nginggil ketingal sanget bilih ingkang dipunaturaken dening Pangeran Sember Nyawa menika damel begja rakyatipun. Katitik saking pangandikanipun, “Yen aku mukti, kabeh kudu mukti.” Pangandikan menika estu ngewrat perangan basa ingkang damel begja mitra tutur. Rakyatipun begja amargi bilih Pangeran Sember Nyawa saged nundhung Walandi, rakyat boten badhe dados kurban malih. Rakyat badhe mukti kados pangandikanipun Pangeran Sember Nyawa.

Dene tuladhanipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kawicaksanan inggih menika.

Kawontenanipun : Basiyo congkrah kaliyan Atmo amargi Basiyo rumaos bilih nalika arta mbecak ingkang dipunparingaken dening Atmo kirang pirembagan kathah amargi sampun wonten prajanjian bilih Basiyo badhe nyuwun arta ingkang kathah. Basiyo duka. Salajengipun Atmo ngajak Basiyo tindak kelurahan supados pikantuk dipunadili

dening Pak Lurah. Nalika Atmo kaliyan Bu Bas badhe tindak dhateng kelurahan, Basiyo ngaturi Atmo saha Bu Bas numpak becakipun. Atmo saha Bu Bas kagungan angen-angen bilih numpak becak badhe langkung cepet dugi kelurahan, ananging Basiyo malah ngendika bilih becakipun badhe dipunpeneraken jurang.

Bu Bas : “Ohh, iki malah kon mbecak meneh?”
 Basiyo : “Engko **dak penerke jurang!**”

(Maryati, 2012:130)

Ing pirembagan ing nginggil ketingal sanget bilih ingkang dipunaturaken dening Basiyo menika damel tuna Atmo saha Bu Bas. Katitik saking pangandikanipun, “dak penerke jurang!”. Pangandikan menika estu ngewrat perangan basa ingkang damel tuna mitra tuturipun. Atmo saha Bu Bas begja amargi bilih Basiyo sios meneraken becakipun dhateng jurang, Atmo saha Bu Bas badhe cilaka kecemplung jurang.

b. Maksim Kamirahan

Miturut Nadar (2009:30), kanthi ngginakaken *maksim* kamirahan, tiyang ingkang ngendika kedah santun boten namung menawi badhe ndhawuhi tiyang saha nawakaken satunggaling bab ananging ugi anggenipun nguda raos saha ngandharaken pamanggihipun.

Pamanggihipun Rahardi (2005: 61), kanthi ngginakaken *maksim* kamirahan menika dipunkajengaken bilih tiyang ingkang ngendika menika kedah ngormati tiyang sanes. Tumindak ngormati tiyang sanes menika saget katingal bilih tiyang menika tansah ngutamekaken tunanipun pribadhi kanthi ngirangi begja kangge piyambakipun.

Tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan inggih menika kados mekatan.

- Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember Nyawa kaliyan sedaya tiyang nalika pasewakan ing Mangkunegaran. Pangeran Sember Nyawa pikantuk kabar bilih para demang, wedana, saha nayaka boten sarujuk kaliyan wosipun serat prajanjen Salatiga. Pangeran Sember Nyawa boten mangertos badhe tumindak menapa malih amargi gegayuhanipun boten badhe pados kamukten dhiri ananging kepengin soroh jiwa raga kangge rakyatipun.
- Sember Nyawa : “Apa? (kaget, kuciwa) Kabeh ora sarujuk? ... Banjur apa maneh sing kudu tak lakoni? Merga sejatine aku ora duwe pangajab golek kamukten dhiri, nanging **kepengin soroh jiwa raga** kanggo kowe kabeh. Uga kanggo kawula sing tak tresnani.”
- Prawira Peksa : “Mila prayoginipun, Njeng Pangeran tumuli paring dhawuh nglajengaken perang mengsah Landi. Menawi kawula boten sak hiyek saeka praya, Landi temtu badhe saya gampang ngumbar kamurkan.”

(Data 14)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan. Ing pirembagan ing nginggil ketingal sanget bilih Pangeran Sember Nyawa ngutamekaken tunanipun pribadhi. Tunanipun Pangeran Sember Nyawa katitik saking pangandikanipun, “kepengin soroh jiwa raga kanggo kowe kabeh.” Pangandikan menika estu ngewrat perangan basa ingkang damel tuna panaturipun. Pangeran Sember Nyawa tuna amargi kedah ngurbanaken kaslametanipun.

Dene tuladha pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kamirahan inggih menika.

- Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Patih Jayasudirga kaliyan Randhu Welang ing dalemipun Patih Jayasudirga. Randhu Welang nyuwun pawitan kangge sangu gesang dhumateng Patih Jayasudirga ananging boten dipunparingi dening Patih Jayasudirga. Patih Jayasudirga boten maringi pawitan dhumateng Randhu Welang amargi Randhu Welang sanes adhahanipun malih.
- Randhu Welang : “Kula badhe wangsul dhateng dhusun kemawon, wangsul

dados tani. Malah menawi kepareng kula badhe **nyuwun pawitan** kangge sangu gesang kula Ki Patih.”
 Patih Jayasudirga : “Ha kok le mlunyah. Le nyunur! Ha nek kowe wis ra isa caos pelapuran ateges kuwajibanmu wis rampung! Merga wis dudu andhahanku maneh!

(Data 21)

Pirembagan ing nginggil nyebal saking *maksim* kamirahan amargi panutur tansah ngutamekaken begja kangge piyambakipun. Randhu Welang minangka panutur tansah ngutamekaken begja kangge piyambakipun. Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu Welang ngutamekaken begja kangge piyambakipun inggih menika, “kula badhe nyuwun pawitan kangge sangu gesang kula Ki Patih.” Pagandikan menika estu ngewrat perangan basa ingkang damel begja panutur piyambak. Begjanipun Randhu Welang inggih menika Randhu Welang badhe pikantuk pawitan saking Patih Jayasudirga sanadyan sampun boten saged caos pelapuran malih dhumateng Patih Jayasudirga.

c. *Maksim Pangalembana*

Miturut pamanggihipun Rahardi (2005: 63), ing *maksim* pangalembana dipunandharaken bilih tiyang ingkang santun anggenipun gineman inggih menika tiyang ingkang tansah ngalembana tiyang sanes (nyariosaken babagan ingkang becik saking mitra tuturipun).

Kanthi ngginakaken *maksim* pangalembana menika dipunkajengaken bilih antawisipun tiyang setunggal kaliyan sanesipun menika boten kepareng sami nyaruwe. Remen nyaruwe tiyang sanes menika tumindak ingkang kirang santun.

Supados langkung cetha, saged dipuntingali tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana ing ngandhap menika.

Kawontenan nalika : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran
pirembagan Samber Nyawa kaliyan Mbok Ajeng Wiyah ing Sokawati
nalika para prajurit putri sanesipun saweg sumene bibar
gladhen. Pangeran Samber Nyawa remen kaliyan Mbok
Ajeng Wiyah saha kagungan kekajengan badhe mendhet
garwa Mbok Ajeng Wiyah.

Samber Nyawa : “Mbok Ajeng Wiyah, oraa aku ngendika kowe mesthi
ngerti. Nalika aku ketemu sepisanan karo kowe,
penggalihku kepranan banget. Aku isih eling... rikala Ki
Demang nanggap wayang biyen, aku kaget lan gumun
dene ing tengah wengi **ana cahya sumunar sing
cumlorot seka anggamu**. Miturut para sepuh, cahya kuwi
sing diarani cahya induresmi.”

Mbok Ajeng Wiyah : “Menapa menika dede soroting blencong ing pakeliran
Njeng Pangeran? (isin-isin piye)”

(Data 28)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana.

Ing pirembagan ing nginggil Pangeran Samber Nyawa paring pangalembana
dhumateng Mbok Ajeng Wiyah kanthi andum katresnan. Ukara ingkang
nedahaken bilih Pangeran Samber Nyawa paring pangalembana dhumateng Mbok
Ajeng Wiyah inggih menika, “ana cahya sumunar sing cumlorot seka anggamu.”
Pangandikan menika estu ngewrat perangan basa ingkang nedahaken bilih panutur
paring pangalembana dhumateng mitra tutur. Mbok Ajeng Wiyah dipunalem bilih
raganipun Mbok Ajeng Wiyah tansah sumunar.

Dene tuladhanipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim*
pangalembana inggih menika kados mekatén.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Randhu Welang
nalika kaliyan Kudana Warsa nalika pasewakan ing Mangkunegaran.
pirembagan Kudana Warsa padu kaliyan Randhu Welang amargi Randhu
Welang sampun boten kersa perang mengsah Walandi.
Kersanipun Randhu Welang inggih menika supados Pangeran
Samber Nyawa pidak jempol kaliyan Walandi. Kudana Warsa
ngendika bilih Randhu Welang menika jirih, boten wantun
ndherek perang malih.

- Randhu Welang : “O, ngerti kula. **Sampeyan wis kanggonan jirih!** Kula mawon wani ninggal raja brana, ninggal anak bojo dinggo kayayane ibu pertiwi, lha kok sampeyan malah miyur!”
- Kudana Warsa : “Nek riyin, kula niku padha sampeyan. Uga ngugemi sesanti *tiji tibe*h. Mukti siji mukti kabeh, mati siji mati kabeh. Ning napa entuk-entukane? Boten onten Dhi!.. Sing mati nggih ming dikubur. Sing mukti ora ajak-ajak. Bareng arep perang njur ngejak kula!”

(Data 12)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* pangalembana. Ing pirembagan ing nginggil, Kudana Warsa minangka panutur ngasoraken Randhu Welang. Ukara ingkang nedahaken bilih Kudana Warsa ngasoraken Randhu Welang inggih menika, “Sampeyan wis kanggonan jirih!” Pangandikan menika estu ngemu perangan basa ingkang nedahaken bilih panutur tansah ngasoraken mitra tuturipun. Kudana Warsa minangka panutur tansah ngasoraken Randhu Welang kanthi ngendika bilih Randhu Welang menika tiyang ingkang jirih.

d. Maksim Andhap Asor

Miturut Mulyani (2004: 41), ing *maksim* andhap asor menika tiyang ingkang gineman mboten kenging ngalembana piyambakipun. Trep kaliyan pamanggihipun Rahardi (2005: 64) bilih tiyang badhe dipunsebut kumalungkung saha gemedhe bilih tiyang menika tansah ngalembana piyambakipun.

Tuladhanipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor inggih menika.

- Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Samber Nyawa kaliyan Mbok Ajeng Wiyah ing Sokawati nalika para prajurit sanesipun saweg sumene bibar gladhen. Pangeran Samber Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah. Pangeran Samber Nyawa tresna kaliyan Mbok Ajeng Wiyah saha kagungan

kekajengan badhe mendhet garwa Mbok Ajeng Wiyah. Mbok Ajeng Wiyah lingsem amargi Pangeran Sember Nyawa tresna kaliyan piyambakipun.

- Samber Nyawa : “Ora sah wedi ora sah bingung. Kowe ki wis dewasa. Mesthine wis tanggap marang kersaku. Yen satemene, aku kepengin mundhut garwa kowe.”
- Mbok Ajeng Wiyah : “Punten dalem sewu, **kula namung lare dhusun**. Dene panjenengan dalem menika tedhak turuning ngaluhur. Menapa mangke boten damel lingsem asma dalem pangeran.”

(Data 30)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor.

Pirembagan ing nginggil nedahaken bilih Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken sipat andhap asor kanthi ngawon-awonaken piyambakipun wonten sangajenging Pangeran Sember Nyawa. Ukara ingkang nedahaken bilih Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken sipat andhap asoripun inggih menika, “kula namung lare dhusun.” Pangandikan menika estu ngemu perangan basa ingkang nedahaken bilih panutur ngutamekaken raos andhap asor. Mbok Ajeng Wiyah ngawon-awonaken piyambakipun amargi Pangeran Sember Nyawa ingkang kalenggahanipun langkung inggil menika tresna kaliyan Mbok Ajeng Wiyah ingkang boten sanes namung prajurit putri.

Dene tuladhanipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor inggih menika kados mekatan.

Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Patih Jayasudirga kaliyan pengrawitipun nalika paring pasugatan kaliyan tiyang ingkang sampun pidak jempol kaliyan Walandi ing dalemipun Patih Jayasudirga. Sasampunipun para pengrawit ngiringi penari ledhek lajeng nyuwun bayaran kaliyan Patih Jayasudirga. Patih Jayasudirga sagah paring bayaran dhumateng pengrawitipun.

Pengrawit : “Ning dibayar lho niki.”

Patih Jayasudirga : “Iya-iya!! Ora ngerti pa nek aku ki entuk kekucuh? **Aku**

pinter. Sugih! Uripku wis mulya! Saben sasi nampa kekucah seka Landa lan Kanjeng Sunan! Dadi kowe kabeh ora perlu kuwatir!”

(Data 19)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* andhap asor amargi panutur boten ngutamekaken sipat andhap asor. Ukara ingkang nedahaken bilih Patih Jayasudirga boten ngutamekaken sipat andhap asor inggih menika, “Aku pinter. Sugih! Uripku wis mulya!” Pangandikan menika estu ngewrat perangan basa ingkang nedahaken bilih panutur ngalembana piyambakipun. Patih Jayasudirga minangka panutur tansah ngalembana piyambakipun kanthi nyariosaken becikipun Patih Jayasudirga. Patih Jayasudirga ngendika bilih piyambakipun menika pinter saha sugih.

e. Maksim Sarujuk

Miturut Wiyana saha Leech (lumantar Mulyani, 2004:41) ngandharaken bilih *maksim* sarujuk menika ngutamekaken raos sarujuk antawisipun tiyang-tiyang ingkang sami pirembagan. Tiyang menika tumindakipun santun menawi panutur menika sampun sarujuk kaliyan mitra tuturipun.

Tuladhanipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk saged dipunpirsani ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Samber nalika Nyawa kaliyan para senopati perangipun ing Mangkunegaran pirembagan nalika pasewakan. Pangeran Samber Nyawa nengahi padudon antawisipun para senopati perangipun babagan wosipun serat prajanjen Salatiga. Pirembagan ingkang dipunkajengaken inggih menika.

Samber Nyawa : “Uwis... uwis Kudana Warsa, Prawira Peksa, lan kowe Randhu Welang.”

Tetelune : “**Injih**, Njeng Pangeran.”

(Data 9)

Pirembagan menika jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk. Pirembagan ing nginggil nedahaken bilih para senopati perangipun Pangeran Sember Nyawa ngutamekaken raos sarujuk dhumateng Pangeran Sember Nyawa. Ukara ingkang nedahaken raos sarujukipun inggih menika, “Injih, Njeng Pangeran.” Pangandikan menika estu ngemu perangan basa ingkang nedahaken bilih panutur sarujuk kaliyan mitra tutur. Para senopati perangipun Pangeran Sember Nyawa inggih menika Kudana Warsa, Prawira Peksa, kaliyan Randhu Welang sarujuk kaliyan pamanggihipun Pangeran Sember Nyawa supados boten padudon malih.

Dene tuladhanipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk inggih menika kados mekaten.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Randhu Welang
nalika kaliyan Kudana Warsa nalika pasewakan ing Mangkunegaran.
pirembagan Randhu Welang kaliyan Kudana Warsa sami padu amargi
Kudana Warsa boten sarujuk kaliyan tumindakipun Randhu
Welang ingkang tansah meksa Pangeran Sember Nyawa
supados nyawiji kaliyan Walandi.

Kudana Warsa : “Lha napa kabeh kudu dikandhakke nganggo basa sing
mubeng minger? Napa kabeh kudu diblakakke nek kakang
Randhu Welang meksa Njeng Pangeran Sember Nyawa
nyawiji malih kalih Njeng Pangeran Mangkubumi, Kanjeng
Sunan Paku Buwana, lan Landa. Ngoten napa?”

Randhu Welang : **“Sik ta!** Kula niki ming matur napa ontene. Cobi dipenggalih
tenan. Kawula isa ayem tentrem nek para nayaka ora dha rebut
bener. Para kawula isa mangan enak, turu kepenak nek sing
kuwasa ora rebutan bandha, ... tekak tinekak, pidak pinidak,
sikut sinikut. Nek negarane tentrem kawulane rak nggih ayem
ta? Pancen, kula ora arep selak nek kula butuh katentreman.
Kula bungah nek bumi pertiwi boten kebak pasulayan, napa
malih derdah padha dene sedulur..”

(Data 6)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* sarujuk. Ing
pirembagan ing nginggil, Randhu Welang minangka panutur boten ngutamekaken
raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa. Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu

Welang boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa inggih menika, “sik ta!” Perangan menika estu ngewrat perangan basa ingkang nedahaken bilih panutur boten ngutamekaken raos sarujuk dhumateng mitra tutur. Randhu Welang minangka panutur boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa kanthi nyelani pangandikanipun Kudana Warsa.

f. Maksim Tapa Slira

Rahardi (2005:65) ngandharaken bilih ing *maksim* tapa slira dipunkajengaken supados tiyang-tiyang ingkang gineman menika saged ngutamekaken raos tapa slira antawisipun tiyang satunggal dhumateng tiyang sanes. Tiyang ingkang kagungan sipat sreji tumrap tiyang sanes menika saged dipunsebut tiyang ingkang kirang santun ing masarakat.

Tuladha pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* tapa slira inggih menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Samber nalika Nyawa kaliyan Prawira Peksa nalika pasewakan ing pirembagan Mangkunegaran. Pangeran Samber Nyawa katingal saweg menggalih sanget-sanget bibar pun tapakasmani serat prajanten Salatiga. Kudana Warsa ngaturi supados Pangeran Samber Nyawa sampun menggalih sanget-sanget mindhak gerah.

Samber Nyawa : (katingal saweg menggalih amargi cuwa penggalhipun).
 Prawira Peksa : “(nyembah) Njeng Pangeran. Sampun ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. **Slira dalem mangke gerah lho.**”

(Data 2)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* tapa slira. Ing pirembagan ing nginggil, Prawira Peksa minangka panutur tansah ngutamekaken raos tapa slira dhumateng Pangeran Samber Nyawa. Ukara ingkang nedahaken bilih Prawira Peksa ngutamekaken raos tapa slira dhumateng Pangeran Samber

Nyawa inggih menika, “Slira dalem mangke gerah lho.” Pangandikan menika estu ngewrat perangan basa ingkang nedahaken bilih panutur ngutamekaken raos tepa slira dhumateng mitra tutur. Raos tepa sliranipun dipunwahyakaken kanthi nggatosaken kasarasanipun Pangeran Samber Nyawa.

Dene tuladhanipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira inggih menika kados mekaten.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Samber nalika Nyawa kaliyan Randhu Welang nalika pasewakan ing pirembagan Mangkunegaran. Pangeran Samber Nyawa katingal saweg menggalih babagan serat prajanten salatiga. Randhu Welang boten perduli kaliyan prekawis ingkang dipunpenggalih dening Pangeran Samber Nyawa amargi Randhu Welang sampun sarujuk kaliyan wosipun serat prajanten Salatiga.

Samber Nyawa : (katingal saweg menggalih amargi cuwa penggalhipun).
 Randhu Welang : “Utawi malih, **rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?**”

(Data 3)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* tepa slira. Ing pirembagan ing nginggil, Randhu Welang minangka panutur boten ngutamekaken raos tepa slira dhumateng Pangeran Samber Nyawa. Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu Welang boten ngutamekaken raos tepa slira dhumateng Pangeran Samber Nyawa inggih menika, “rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?” Randhu Welang minangka panutur boten ngutamekaken raos tepa slira bilih sumerep tiyang ingkang saweg menggalih satunggaling prekawis. Nalika Pangeran Samber Nyawa saweg menggalih babagan serat prajanten Salatiga, Randhu Welang ethok-ethok boten mangertos prekawis ingkang saweg dipunpenggalih dening Pangeran Samber Nyawa.

4. Ukuran Kesantunan

Miturut Rahardi (2005:66), cacahipun jinis ukuran kesantunan ingkang limrah dipunginakaken ing panaliten kesantunan menika wonten tiga. Tetiganipun inggih menika, (1) ukuran kesantunan miturut Leech, (2) ukuran kesantunan miturut Brow saha Levinson, saha (3) ukuran kesantunan miturut Robin Lakoff. Ing panaliten kesantunan menika badhe ngginakaken ukuran kesantunan miturut pamanggihipun Leech.

Ukuran kesantunan miturut Leech menika dipunperang dados 5. 5 jinis ukuran kesantunan miturut Leech (lumantar Rahardi, 2005:66-68) kababar kados makaten.

- a. *Cost-benefit scale* utawi ukuran tuna-begja, dipuntingali saking tuna kaliyan begjanipun saking pirembagan. Bilih tuturanipun saya damel tunanipun panutur, menika dipunanggep tuturanipun santun. Dene sawalikipun, bilih tuturan menika damel begja tumrap panutur, pramila tuturan menika dipunanggep boten santun.
- b. *Optionality scale* utawi ukuran pilihan, dipuntingali saking kathah sekedhikipun pilihan ingkang dipunaturaken dening panutur dhumateng mitra tutur. Tuturan menika saged dipunwastani santun bilih tuturanipun ngewrat pilihan ingkang kathah tumrapipun panutur saha mitra tutur. Sawalikipun, tuturan menika badhe dipunwastani boten santun bilih tuturan menika boten maringi pilihan tumrap panutur saha mitra tutur.
- c. *Indirectness scale* utawi ukuran langsung-boten langsung, dipuntingali saking langsung utawi boten langsung anggenipun medharaken kekajenganipun ing pirembagan. Tuturan menika kirang santun bilih anggenipun medharaken

kekajenganipun menika kanthi langsung. Tuturan menika dipunwastani santun bilih anggenipun medharaken kekajenganipun menika kanthi boten langsung.

- d. *Authority Scale* atau ukuran *keotoritasan*, dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Tuturan ingkang dipunginakaken badhe saya santun bilih kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. Bilih tuturan ingkang dipunginakaken saya kirang santun, ateges panutur kaliyan mitra tutur menika sederajat.
- e. *Social distance scale* utawi ukuran jarak sosial, raketipun paseduluran antawisipun tiyang ing pirembagan badhe nemtokaken ukuran kesantunan tuturan ingkang dipunginakaken.

5. Pangertosan Kethoprak

Miturut Endraswara (2005:351) kethoprak Jawi menika tontonan ingkang ngginakaken Basa Jawi. Pangertosan kethoprak bilih dipuntingali saking cariyosipun miturut pamanggihipun Widayat (2006:64) inggih menika tontonan ingkang cariyosipun mawarni-warni saha ngginakaken *dialog* tembang-tembang saha gancaran.

Miturut Widayat (2006:64), nama kethoprak asalipun saking unen-unen ingkang uninipun 'prak', kados piranti tetanen jaman rumiyin ingkang dipunsebut keprak. Wiwitanipun tontonan kethoprak menika saking para jaler ingkang ngawontenaken pentas seni ing desanipun. Pentasipun para jaler menika kanthi nabuh lesung ingkang sinebut gejog. Iringan swanten lesung menika kairing tembanganipun para jaler ingkang nembangaken tembang Jawi. Tembang Jawi

menika pikantuk tambahan iringan, inggih menika kendhang, terbang, saha suling. Tontonan menika dipunsebut kethoprak lesung dening masarakat Jawi.

Endraswara (2005:356-357) ugi ngandharaken babagan kethoprak lesung perangan titikanipun. Titikanipun kethoprak lesung inggih menika ngginakaken (1) tetabuhan lesung, (2) tari ingkang kairing irama lagu, (3) tembang, (4) cariyos ingkang dipunpendhet saking legenda rakyat Jawi, saha (5) busana awujud kostum desa.

Jamanipun kethoprak lesung antawisipun tahun 1887-1925. Salajengipun wonten kethoprak *peralihan* nalika tahun 1925-1927, inggih menika jaman nalika kethoprak lesung ngrembaka dados kethoprak gamelan. Jamanipun kethoprak gamelan namung dugi warsa 1998. Salajengipun wonten kethoprak tontonan ingkang tasih ngrembaka dugi samenika. Tontonan kethoprak menika awujud tembang Jawi kairing gamelan. Cariyosipun boten namung niru lakon wayang, ananging ugi mendhet saking cariyos babad saha cariyos saking luar negri. (Endraswara, 2005:356-357).

Adhedhasar wedharan-wedharan ing nginggil, pangertosan kethoprak inggih menika tontonan drama tradhisional ingkang nyariosaken babagan pagesanganipun masarakat Jawi, ingkang ngandhut adatipun tiyang Jawi, inggih saking cariyosipun, pirembaganipun, busananipun, riasipun, menapa dene unen-unen tradhisional. Kethoprak inggih menika gambaran pagesanganipun masarakat Jawi ingkang dipunsuguhaken kanthi nyata. Pramila saking menika, kathah tuladha *prinsip* kesantunan ingkang dipunginakaken ing kethoprak.

6. Kethoprak *Udhare Janget Kinatelon*

Kethoprak kanthi irah-irahan *Udhare Janget Kinatelon* menika anggitanipun Gondhol Sumargiyono. Kethoprak menika kaanggit nalika warsa 2011. Kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika sampun nate dipunpentasaken ing Taman Budaya Yogyakarta.

Cariyosipun kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika dipunpendhet saking Babad *Penambangan*, Babad *Nitik*, saha Babad *Mangkunegaran*. Kethoprak menika nyariosaken lampahanipun Pangeran Sember Nyawa ingkang congkrah kaliyan sedherekipun, inggih menika Hamengku Buwana I kaliyan Paku Buwana II. Pangeran Sember Nyawa congkrah kaliyan sedherekipun amargi Hamengku Buwana I kaliyan Paku Buwana II menika tansah mbelani Walandi.

Para paraga ing kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* inggih menika Pangeran Sember Nyawa, Tumenggung Kudanawarsa, Tumenggung Prawirapeksa, Tumenggung Randhu Welang, Patih Jayasudirga, Hamengku Buwana I, Tumenggung Wiralaga, Mbok Ajeng Wiyah, Pakubuwana III, saha Nyai Ratu paku Buwana II. Dene watak saha kapribadhenipun para paraga inggih menika kados mekaten.

1. Pangeran sumber Nyawa: mudha, wibawa, tanggel jawab, mbela kawula, adil, saha teteg.
2. Tumenggung Kudanawarsa: senopati perang andhahanipun Pangeran Sember Nyawa, kendel, setya nagari.
3. Tumenggung Prawira Peksa: jujur, andhahanipun Pangeran Sember Nyawa, wicaksana, kendel.

4. Tumenggung Randhu Welang: teleng, julig, andhahanipun Pangeran Sember Nyawa ingkang sampun jeleh perang, gampang miyur, telik sandhinipun Patih Jayasudirga.
5. Patih Jayasudirga: pepatih Pakubuwana, julig, nepsu kaliyan pangkat saha bandha, namung ngugemi betahipun pribadhi.
6. Hamengku Buwana I: wibawa, teteg, diwasa, digdaya.
7. Tumenggung Wiralaga: senopati perang Pangeran Mangkubumi, kendel, setya dhumateng Pangeran Mangkubumi.
8. Mbok Ajeng Wiyah: sulistya ing warni, prajurit wanita saking sukowati, sisihanipun Pangeran Sember Nyawa, kendel.
9. Paku Buwana III: taksih timur, putra Paku Buwana II, weden, wibawa.
10. Nyai Ratu paku Buwana II: garwanipun Kanjeng Ratu Paku Buwana II, biyungipun Paku Buwana III, tresna kaliyan putranipun, ibu ingkang wicaksana saha sae.

B. Nalaring Pikir

Tiyang ingkang badhe ngendika kedah milah-milih wujud-wujud tuturanipun amargi boten sedaya pirembagan menika pikantuk tanggapan ingkang *positif*. Wujud-wujud tuturan menika kedah trep kaliyan kawontenanipun nalika pirembagan. Kejawi trep kaliyan kawontenanipun nalika pirembagan, wujud-wujudipun tuturan menika ugi kedah saged ngormati tiyang sanes. Supados saged ngormati tiyang sanes menika, saged kanthi nggatosaken *prinsip* kesantunan saha ukuran kesantunanipun.

Prinsip kesantunan menika sesambetan kaliyan tiyang ing pirembagan. Tiyang kasebut inggih menika minangka penutur, saha tiyang sanes minangka mitra tuturipun. *Prinsip* kesantunan menika dumados saking 6 *maksim*, inggih menika *maksim* kawicaksanaan, *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, *maksim* tepa slira.

Fokus panalitenipun inggih menika naskah kethoprak kanthi irah-irahan “*Udhare Janget Kinatelon*” anggitanipun Gondhol Sumargiyono ingkang ngewrat pirembagan-pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan-pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Panaliti ugi nggatosaken kawontenanipun nalika pirembagan kangge manggihaken pirembagan-pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan-pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Pirembagan-pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan-pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan menika temtu kemawon saged dipuntingali saking ukuran kesantunanipun.

Ancasipun panaliten inggih menika badhe njlentrehaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak kanthi irah-irahan “*Udhare Janget Kinatelon*”. Kejawi menika ugi badhe njlentrehaken ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken ing pirembagan-pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan-pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak menika.

C. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika panaliten ingkang sampun nate dipunlampahi dening Fitri Rahmaningrum (2010) kanthi irah-irahan “*Strategi Kesantunan dalam Komik Titeuf Karya Philipp Chappuis*”. Dudutan saking panaliten kasebut inggih menika:

1. *Strategi kesantunan ing komik Titeuf ngginakaken skala untung rugi saha skala ketidaklangsungan.*
2. *Strategi kesantunan ing komik Titeuf ngginakaken tindak tutur asertif, impositif, ekspresif, saha tindak tutur komisif.*
3. *Lakon-lakonipun ing komik Titeuf ngginakaken maksim kebijakan, maksim kemurahan, maksim pujian, maksim kerendahan hati, maksim kecocokan, saha maksim kesimpatisan.*

Panaliten ing nginggil ngginakaken pokok piremangan ingkang sami kaliyan panaliten menika, inggih menika ngrembag babagan *prinsip* kesantunan. Ewodene ingkang dipunrembag menika sami, ananging wonten bedanipun. Panaliten menika ngrembag babagan piremangan ingkang jumbuh saha ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak dene panaliten ingkang jumbuh menika namung ngrembag babagan piremangan ing kang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ing *komik*.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Pendekatan Panaliten

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. Miturut Sudaryanto (1988:62), panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang ngandharaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun. Ing panaliten menika panaliti njlentrehaken kados menapa pirembagan-pirembaganipun para paraga ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono. Ancasipun panaliten inggih menika njlentrehaken kanthi cetha wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Kejawi menika ugi nggayutaken *prinsip* kesantunan ingkang dipunginakaken kaliyan ukuran kesantunanipun, inggih pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ugi ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan.

B. Data saha Sumberipun Data

Data ing panaliten menika arupi ukara-ukara ingkang dipunlesanaken dening para paraga ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono. Dene sumber *data*-nipun arupi naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon*. Kethoprak kanthi irah-irahan *Udhare Janget Kinatelon* ingkang nyariosaken lampahanipun Pangeran Sember Nyawa menika anggitanipun Gondhol Sumargiyono. Kethoprak menika dipunanggit warsa 2011. Kethoprak menika ngginakaken basa Jawi saha sampun nate dipunpentasaken ing Taman Budaya Yogyakarta.

C. Caranipun Ngempalaken *Data*

Angenipun ngempalaken *data* ing panaliten menika ngginakaken cara maos saha nyerat. Lampahanipun anggenipun ngempalaken *data* inggih menika.

1. Panaliti maos naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono kanthi tumemen.
2. Nalika maos, panaliti manggihaken ukara-ukara ingkang dipunlesanaken dening para paraga lajeng dipuntemtokaken ukara menika jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan utawi nyebal saking *prinsip* kesantunan. Panaliti ugi nggayutaken pirembaganipun para paraga kaliyan kawontenanipun nalika pirembagan kangge nemtokaken ukara menika jumbuh utawi nyebal saking *prinsip* kesantunan.
3. *Data* dipunperang-perang antawisipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan.
4. *Data* dipunperang malih miturut jinisipun *maksim* kesantunan.
5. Njlentrehaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kesantunan saha wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kesantunan.
6. Nggayutaken pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan kaliyan ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken.
7. *Data* dipunserat ing *tabel data*.

D. Pirantining Panaliten

Sarana panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *kartu data*. Ing ngandhap menika tuladhanipun *kartu data*.

| | |
|--------------------|-------------------|
| <i>No. Data</i> | : |
| Sumber <i>Data</i> | : |
| <i>Data</i> | : |
| Kawontenan | : |
| <i>Kategori</i> | : jumbuh / nyebal |
| <i>Maksim</i> | : |
| Wosipun | : |
| Ukuran | : |
| Kesantunan | |

Pathokan-pathokanipun ingkang dipunbetahaken dening panaliti kangge nemtokaken pirembagan menika jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan utawi nyebal saking *prinsip* kesantunan inggih menika kados mekaten.

Prinsip Kesantunan:

1. Jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan bilih tansah panutur tansah ngutamekaken begjanipun mitra tutur utawi boten damel tunanipun mitra tutur.

Nyebal saking *maksim* kawicaksanan bilih panutur damel tunanipun mitra tutur nalika pirembagan.

2. Jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan bilih panutur tansah ngutamekaken tunanipun pribadhi kangge begjanipun mitra tutur.
Nyebal saking *maksim* kamirahan bilih panutur tansah ngutamekaken begjan kangge panutur piyambak.
3. Jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana bilih panutur tansah ngalembana mitra tutur kanthi nyariosaken babagan ingkang sae saking mitra tuturipun.
Nyebal saking *maksim* pangalembana bilih panutur tansah paring panyaruwe dhumateng mitra tuturipun.
4. Jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor bilih panutur menika nggadhahi sipat andhap asor.
Nyebal saking *maksim* andhap asor bilih panutur remen ngalembana piyambakipun.
5. Jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk bilih panutur ngutamekaken raos sarujuk antawisipun tiyang-tiyang ingkang pirembagan.
Nyebal saking *maksim* sarujuk bilih antawisipun panutur kaliyan mitra tutur menika boten jumbuh pamanggihipun.
6. Jumbuh kaliyan *maksim* tepa slira bilih tansah ngutamekaken raos tepa slira antawisipun tiyang satunggal dhateng tiyang sanes.
Nyebal saking *maksim* tepa slira bilih raos tepa sliranipun panutr menika kirang dhumateng mitra tutur.

Dene pathokanipun ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika.

1. Ukuran tuna-begja. Dipunwastani santun bilih tuturanipun tansah damel tunanipun panutur. Dipunwastani kirang santun bilih tuturanipun tansah damel begja panutur piyambak.
2. Ukuran pilihan. Dipunwastani santun bilih tuturanipun ngewrat pilihan ingkang kathah tumrapipun mitra tutur. Dipunwastani kirang santun bilih tuturanipun ngewrat pilihan ingkang sekedhik utawi malah boten wonten pilihanipun tumrapipun mitra tutur.
3. Ukuran langsung-boten langsung. Dipunwastani santun bilih anggenipun ngaturaken kekajenganipun kanthi boten langsung. Dipunwastani kirang santun bilih anggenipun ngaturaken kekajengan kanthi langsung.
4. Ukuran *keotoritasan*. Panutur ngginakaken ukara ingkang santun bilih kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. Panutur ngginakaken ukara ingkang kirang santun bilih panutur kaliyan mitra tutur menika sederajat.
5. Ukuran jarak sosial. Raketipun paseduluran antawisipun mitra tutur kaliyan panutur badhe nemtokaken ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken.

E. Caranipun Ngudhari Data

Anggenipun ngudhari *data* menika sampun diwiwiti nalika ngempalaken *data*. Nalika maos naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* panaliti manggihaken ukara-ukara ingkang dipunlesanaken dening para paraga. Ukara-ukara menika dipunperang antawisipun ukara ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Salajengipun ukara-

ukara menika dipunperang miturut *maksim* kesantunanipun saha dipungayutaken kaliyan ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken.

Panaliten menika ngginakaken cara *analisis deskriptif*. Panaliti njlentrehaken wosipun pirembagan ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *prinsip* kesantunan saha ukuran kesantunanipun. Panaliti njlentrehaken wosipun pirembagan kanthi pathokanipun jumbuh utawi nyebal adhedhasar *teori prinsip* kesantunan miturut Leech (lumantar Rahardi, 2005:59-66) saha ukuran kesantunan miturut Leech (lumantar Rahardi, 2005:66-68).

Ing ngandhap menika lampahanipun panaliti anggenipun ngolah *data*.

1. Sasampunipun *data* dipunkempalaken, salajengipun panaliti nyerat *data* menika ing *tabel data* supados langkung gampang anggenipun ngempalaken miturut jinisipun *maksim* kesantunan saha ukuran kesantunanipun.
2. *Data* dipunudhari adhedhasar *teori pragmatik* babagan *prinsip* kesantunan. Saking *analisis tabel data* menika saged katingal ukara ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Salajengipun dipunjlentrehaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha wosipun pirembagan nyebal saking *prinsip* kesantunan.
3. *Data* ingkang sampun dipunudhari ing lampahan 2 salajengipun dipungayutaken kaliyan ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken.
4. Ingkang pungkasan inggih menika damel dudutan miturut panaliten ingkang sampun kalampahan. Dudutan menika awujud wangsulan saking pitakenan-pitakenan ing wosing prekawis.

F. *Validitas saha Reliabilitas*

Uji *validitas saha reliabilitas* dipunginakaken kangge mangertosi sahipun *data* ingkang sampun dipuntliti. Sasampunipun dipuntliti *data-nipun* lajeng *validitas data* dipunukur kanthi *triangulasi teori*. *Triangulasi teori* ing panaliten inggih menika nandhingaken *data* saking asiling panaliten kaliyan *teori-teori* ingkang jumbuh (Setiyadi, 2002:32). *Triangulasi teori* ing panaliten menika ngginakaken *teori-nipun* Leech lumantar bukunipun Rahardi Kunjana (2005) ingkang irah-irahanipun *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*.

Salajengipun panaliti ugi mbetahaken pamanggihipun para ahli babagan *Pragmatik (expertjudgement)*. Para ahlinipun inggih menika *dosen* pembimbing. Asilipun panaliten samangke badhe dipunrembag kaliyan *dosen* pembimbing.

Uji *reliabilitas* menika dipunginakaken kangge nguji *data* kanthi tliti. Awit saking menika panaliten menika ngginakaken *reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipunginakaken kangge ngukur *data* ingkang dipunambali kaping kathah ananging asilipun sami, kanthi sarat *data-data* ingkang kaukur kahanipun sami ananging wekdalipun beda (Setiyadi, 2006: 17).

Lampahan salajengipun inggih menika *data* dipunkempalaken ing tabel *data*, salajengipun dipunambali anggenipun maos naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* supados langkung pitados bilih *data-nipun* sampun trep saha leres. Salajengipun dipunjumbuhaken anggenipun mantha-mantha *data* ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha *data* ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing *maksim* kesantunan. *Data* menika ugi dipungayutaken kaliyan ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten menika arupi gambaran wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* anggitanipun Gondhol Sumargiyono. Salajengipun, pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan menika dipunjumbuhaken kaliyan ukuran kesantunanipun. Asilipun panaliten menika saged dipuntingali ing *tabel* ing ngandhap menika.

Tabel 1: Wosipun Pirembagan ingkang Jumbuh kaliyan *Prinsip* Kesantunan saha Pirembagan ingkang Nyebal saking *Prinsip* Kesantunan ing Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon.

| No. | Cak-cakanipun | Wosipun | Ukuranipun | <i>Indikator</i> |
|-----|----------------------------|------------------------------------|---|--|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1. | Jumbuh | | | |
| | a. <i>M. Kawi-caksanan</i> | Panutur mbelani mitra tutur. | Ukara ingkang dipunlesan-aken damel tunanipun panutur piyambak. | <p>“Kawula wis padha dadi kurban, mula iki dudu pungkasane Samber Nyawa. Mokal yen aku bakal ngrampungki kekarepan nundhung Landa. Yen aku mukti, kabeh kudu mukti.”</p> <p style="text-align: right;">(Data 1)</p> <p>Wujudipun: Pangeran Samber Nyawa ngutamekaken begja rakyatipun.</p> <p>Ukuranipun: Pangeran Samber Nyawa kersa perang nundhung Walandi amrih muktining rakyatipun.</p> |
| | | Panutur paring pasugatan dhumateng | Ukara ingkang dipunlesan-aken damel | <p>“Mangga... mangga para kadang, mangga dipunrahapi dhaharan ingkang sampun cumawis, lan mangga sami</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|----------------------|---|---|---|
| | | mitra tutur. | tunanipun panutur piyambak. | <p>suka-suka.” (Data 17)</p> <p>Wujudipun: Patih Jayasudirga ngutamekaken begjanipun para dhayoh kanthi paring pasugatan. Ukuranipun: Patih Jayasudirga tuna amargi kedah nyugata para dhayohipun kanthi sae.</p> |
| | | Panutur ngaturi mitra tuturipun supados sumene rumiyin. | kalenggahanipun panutur langkung inggil tinimbang mitra tutur. | <p>“Mula rehne wis sawetara nggonmu gladhen, kowe kabeh kena ngaso dhisik.” (Data 25)</p> <p>Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken begjanipun kanca-kanca prajurit putri kanthi ndhawuhi supados sumene rumiyin. Ukuranipun: Mbok Ajeng Wiyah kenging ngginakaken basa ngoko dhumateng para prajurit putri amargi piyambakipun menika ingkang mandhegani.</p> |
| | b. M. Kami- rahan | Panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur. | Ukara ingkang dipunlesan-aken damel tunanipun panutur piyambak. | <p>“Merga sejatine aku ora duwe pangajab golek kamukten dhiri, nanging kepengin soroh jiwa raga kanggo kowe kabeh.” (Data 14)</p> <p>Wujudipun: Pangeran Samber Nyawa ngutamekaken tunanipun pribadi. Ukuranipun: Pangeran Samber Nyawa soroh jiwa raga kangge rakyatipun.</p> |
| | | Panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur. | Ukara ingkang dipunlesan-aken damel tunanipun panutur piyambak. | <p>“Boten Njeng Pangeran, malah saya remen.” (Data 26)</p> <p>Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken tunanipun pribadhi kanthi nutupi raos sayahipun. Ukuranipun: Mbok Ajeng Wiyah tuna amargi kedah ethok-</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|-------------------------------|--|--|--|
| | | | | ethok boten sayah. |
| | c. <i>M.</i> Pangalem-bana | Panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur. | Panutur mahyakaken raos tresnanipun dhumateng mitra tutur kanthi boten langsung. | “Aku kaget lan gumun dene ing tengah wengi ana cahya sumunar sing cumlorot seka anggamu. ” (Data 28) Wujudipun: Pangeran Samber Nyawa paring pangalembana dhumateng Mbok Ajeng. Ukuranipun: Pangeran Samber Nyawa ngginakaken tembung-tembung ingkang endah. |
| | d. <i>M.</i> Andhap asor | Panutur kersa ngakeni lepatipun | kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. | “Lepat nyuwun sih pangapunten dalem. ” (Data 10) Wujudipun: Kudana Warsa ngutamekaken raos andhap asor kanthi kersa ngakeni lepatipun. Ukuranipun: Kudana Warsa matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ukara ingkang santun amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. |
| | | Panutur ngawon-awonaken piyambakipun. | kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. | “Kula namung lare dhusun.” (Data 30) Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekan raos andhap asor kanthi ngawon-awonaken piyambakipun ing sangajengipun Pangeran Samber Nyawa. Ukuranipun: Mbok Ajeng Wiyah matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ukara ingkang santun amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. |
| | e. <i>M.</i> Sarujuk | Panutur nindakaken dhawuhipun mitra | kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil | “ Injih , Njeng Pangeran.” (Data 9) Wujudipun: Kudana Warsa, Prawira Peksa, saha Randhu Welang sarujuk kaliyan |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|------------------|--|--|---|
| | | tutur | tinimbang panatur. | kersanipun Pangeran Samber Nyawa supados boten sami padu malih. Ukuranipun: Randhu Welang, Kudana Warsa, saha Prawira Peksa matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ukara ingkang santun amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. |
| | | | Ukara ingkang dipunlesanaken damel tunanipun panatur piyambak. | “ Sendika. ” (Data 24) Wujudipun: Wiralaga sarujuk kaliyan pangandikanipun Hamengku Buwana I supados ngirid prajurit mapag Pangeran Samber Nyawa. Ukuranipun: Wiralaga tuna amargi kedah ngirid prajurit mapag Pangeran Samber Nyawa. |
| | | Panatur ngleresaken pamang-ghipun mitra tutur. | kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panatur. | “ Leres Njeng Pangeran. ” (Data 16) Wujudipun: Prawira Peksa sarujuk kaliyan pangandikanipun Pangeran Samber Nyawa. Ukuranipun: Prawira Peksa matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ukara ingkang santun amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. |
| | f. M. Tapa Slira | Panatur ngaturi supados mitra tuturipun boten menggalih sanget-sanget. | kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panatur. | “Sampun ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. Slira dalem mangke gerah lho. ” (Data 1) Wujudipun: Prawira Peksa ngutamekaken raos tepa slira dhumateng Pangeran Samber Nyawa. Ukuranipun: Prawira Peksa |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|----|---------------------------------------|---|--|--|
| | | | | ngginakaken ukara ingkang santun nalika matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. |
| 2. | Nyebal | | | |
| | a. <i>M. Kami- rahan</i> | Panutur nyuwun peparing saking mitra tuturipun. | Ukara ingkang dipunlesan-aken badhe damel begjanipun panutur piyambak. | <p>“Kula badhe nyuwun pawitan kangge sangu gesang kula Ki Patih.”</p> <p style="text-align: right;">(Data 21)</p> <p>Wujudipun: Randhu Welang ngutamekaken begja piyambakipun kanthi nyuwun pawitan dhumateng Patih Jayasudirga.</p> <p>Ukuranipun: Randhu Welang damel begja piyambakipun kanthi nyuwun pawitan kangge sangu gesang.</p> |
| | b. <i>M. Panga- lem- bana</i> | Panutur nyarios-aken awonipun mitra tutur. | Panutur sederajat kaliyan mitra tutur | <p>“O, ngerti kula. Sampeyan wis kanggonan jirih!”</p> <p style="text-align: right;">(Data 12)</p> <p>Wujudipun: Kudana Warsa ngendikakaken bilih Randhu Welang menika tiyang ingkang jirih.</p> <p>Ukuranipun: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalhipun sederajat.</p> |
| | c. <i>M. An- dhap Asor</i> | Panutur menika tiyang ingkang kumalung-kung. | Panutur sederajat kaliyan mitra tutur. | <p>“Lho, napa sing dereng kula ngerteni?”</p> <p style="text-align: right;">(Data 4)</p> <p>Wujudipun: Randu Welang sanes tiyang ingkang andhap asor amargi piyambakipun rumaos mangertos samudayanipun.</p> <p>Ukuranipun: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
|---|------------------|--|--|---|
| | | | | kekalihipun sederajat. |
| | | | Panutur nyariosaken kawontenan piyambakipun kanthi langsung | <p>“Aku pinter. Sugih! Uripku wis mulya!”</p> <p style="text-align: right;">(Data 19)</p> <p>Wujudipun: Patih Jayasudirga tansah gemedhe saha ngalembana piyambakipun.</p> <p>Ukuran: Patih Jayasudirga nyariosaken kawontenan piyambakipun kanthi langsung, satemah katingal kumalungkung</p> |
| | d. M. Sarujuk | Panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur. | Panutur sederajat kaliyan mitra tutur. | <p>“Sik ta!”</p> <p style="text-align: right;">(Data 6)</p> <p>Wujudipun: Randhu Welang boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Kudana Warsa.</p> <p>Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat.</p> |
| | | Panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur | Panutur sederajat kaliyan mitra tutur. | <p>“Salahe sapa sing gelem didu? Salahe sinten sing ora manut? Nek manut rak mesti ora ana derdah.”</p> <p style="text-align: right;">(Data 8)</p> <p>Wujudipun: Randhu Welang boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Prawira Peksa.</p> <p>Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Prawira Peksa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat.</p> |
| | e. M. Tapa Slira | Panutur nyepelekaken kawontenanipun mitra tutur. | Panutur nyepelekaken kawontenanipun mitra tutur kanthi langsung. | <p>“Rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?”</p> <p style="text-align: right;">(Data 3)</p> <p>Wujudipun: Randhu Welang boten ngutamekaken raos tepa slira bilih sumerep tiyang ingkang saweg sedhah. Ukuran: Randhu Welang nyepelekaken</p> |

| | | | | |
|--|--|--|--|--|
| | | | | prekawis ingkang saweg dipunpenggalih dening Pangeran Sumber Nyawa kanthi langsung. |
|--|--|--|--|--|

Saking *tabel* ing nginggil, saged dipuntingali bilih ing panaliten menika dipunpangguhaken pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan menika arupi pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan, *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, saha *maksim* tepa slira. Dene pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan menika arupi pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, saha *maksim* tepa slira.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan menika wonten tiga. Sepisan, panutur mbelani mitra tutur ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukaranipun ingkang damel tuna panutur piyambak. Kaping kalih, panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukaranipun ingkang damel tuna panutur piyambak. Kaping tiga, panutur ngaturi mitra tuturipun supados sumene rumiyin ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tuturipun.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan inggih panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur saha panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukaranipun ingkang damel tuna panutur piyambak. Wosipun pirembagan ingkang

jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana inggih menika panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking caranipun panutur mahyakaken katresnanipun dhumateng mitra tutur.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor inggih menika panutur kersa ngakeni kaluputanipun saha panutur ngawon-ngawonaken piyambakipun. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk menika wonten kalih. Sepisan, panutur nindakaken kersanipun mitra tutur ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur saha ukaranipun ingkang damel tuna panutur piyambak. Kaping kalih, panutur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan inggih menika panutur ngaturi mitra tuturipun supados boten menggalih sanget-sanget. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur.

Salajengipun, wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kamirahan inggih menika panutur nyuwun peparang saking mitra tuturipun ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukaranipun ingkang damel begjanipun panutur piyambak. Wujudipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* pangalembana inggih menika panutur nyariosaken awonipun mitra tutur

ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur saha dipuntingali saking caranipun panutur nyariosaken kawontenan piyambakipun. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk inggih menika panutur nyelani pangandikanipun mitra tutur saha panutur mbantah pamanggihipun mitra tutur ingkang ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira inggih menika panutur nyepelekaken kawontenanipun mitra tutur. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking caranipun panutur nyepelekaken kawontenanipun mitra tutur.

B. Pirembagan

Ing ngandhap menika panaliti badhe njlentrehaken babagan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon*. Panaliti njlentrehaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan miturut Leech lumantar Rahardi. Panaliti ugi njlentrehaken ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken ing pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan saha pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan.

Ing pirembaran menika, panaliti badhe njlentrehaken babagan wujudipun, wosipun, saha ukuran kesantunanipun. Panaliti njlentrehaken bab wujudipun *prinsip* kesantunan ingkang dipunlajengaken kaliyan wosipun pirembaran saha ukuran kesantunanipun amargi tetiganipun boten saged dipunpisah-pisah.

1. Wosipun Pirembaran ingkang Jumbuh kaliyan *Prinsip* Kesantunan

Pirembaran ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ingkang kapanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* saged kaperang miturut *maksim-maksim-ipun*. *Maksim-maksim-ipun* inggih menika *maksim* kawicaksanan, *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, saha *maksim* tepa slira. Pirembaran ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan badhe kababar ing ngandhap menika.

a. *Maksim* Kawicaksanan

Kawicaksanan menika saking tembung lingga wicaksana. Wicaksana inggih menika sipat utawi watak ingkang saged ngginakaken budinipun kanthi trep.

Gagasan pokok *maksim* kawicaksanan ing *prinsip* kesantunan inggih menika panutur kedahipun tansah ngutamekaken begjanipun mitra tutur saha ngirangi tunanipun mitra tutur. Wosipun pirembaran ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika wonten tiga. Tigang wosipun pirembaran menika kababar ing ngandhap menika.

1) Panutur mbelani mitra tutur.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* kawicaksanan ingkang wosipun panutur mbelani mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember nalika Nyawa kaliyan rakyatipun ing Mangkunegaran. Pangeran pirembagan Sember Nyawa boten sarujuk kaliyan wosipun serat prajanjen Salatiga. Pangeran Sember Nyawa medharaken kekajenganipun bilih badhe nundhung Walandi amrih muktining rakyatipun.

Samber Nyawa : “dudu iki sing tak jaluk (sinambi ngremet surat prajanjen). Dudu iki sing tak ajab. Aku mung kepingin Landa ora ngobrak-abrik tatanan ing bumi Mataram, bumi kelairanku. Sinuwun Paku Buwana ming dadi sranane Landa. Dene wayange pepatih dalem. **Kawula wis padha dadi kurban, mula iki dudu pungkasane Sember Nyawa. Mokal yen aku bakal ngrampungki kekarepan nundhung Landa. Yen aku mukti, kabeh kudu mukti. ti ji ti beh.** Mukti siji mukti kabeh, mati siji mati kabeh. Allahu Akbar.”

Rakyat : “*tijitibeh.* Mati siji mati kabeh.”

(Data 1)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan.

Wujudipun inggih menika Pangeran Sember Nyawa ngutamekaken rakyatipun tinimbang kaslametan pribadhinipun amrih muktining rakyatipun. Rakyatipun begja amargi bilih Pangeran Sember Nyawa saged nundhung Walandi, rakyat boten badhe dados kurban malih. Rakyat badhe mukti kados pangandikanipun Pangeran Sember Nyawa, “Yen aku mukti, kabeh kudu mukti.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* kawicaksanan ingkang tansah ngutamekaken begjanipun mitra tutur saha ngirangi tunanipun mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur mbelani mitra tutur. Ing pirembagan menika, Pangeran Sember Nyawa boten ajrih nundhung

Walandi amargi badhe mbelani rakyatipun supados rakyatipun boten dados korbanipun Walandi malih. Rakyat badhe gesang tentrem bilih Pangeran Sember Nyawa saged kasil nundhung Walandi. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Kawula wis padha dadi kurban, mula iki dudu pungkasane Sember Nyawa. Mokal yen aku bakal ngrampungki kecarepan nundhung Landa.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran tuna begja. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukara ingkang dipunlesanaken dening panutur. Ukara ingkang dipunlesanaken ing pirembagan menika damel tunanipun panutur piyambak. Pangeran Sember Nyawa minangka panutur tuna amargi piyambakipun kedah soroh jiwa raga, perang mengsah Walandi amrih muktining rakyatipun. Rakyat badhe gesang tentrem bilih Walandi boten ngobrak-abrik pranatanipun nagari malih. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Kawula wis padha dadi kurban, mula iki dudu pungkasane Sember Nyawa. Mokal yen aku bakal ngrampungki kecarepan nundhung Landa.”

2) Panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* kawicaksanan saha wosipun pirembagan inggih menika panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Patih Jayasudirga kaliyan para dhayohipun ing dalemipun Patih Jayasudirga. Patih Jayasudirga ngawontenaken adicara suka-suka ing dalemipun. Patih Jayasudirga nyugata para tamu Walandi saha para nayaka ingkang pidak jempol kaliyan Walandi. Patih Jayasudirga maringi tontonan tari ledhek ingkang kairing gamelan.

Patih Jayasudirga : “(lantang) **Mangga... mangga para kadang, mangga dipunrahapi dhaharan ingkang sampun cumawis, lan mangga sami suka-suka.**”

Para tamu : “Injih Ki Patih.”

(Data 17)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan. Wujudipun inggih menika Patih Jayasudirga ngutamekaken begjanipun para dhayoh. Para dhayoh begja amargi dipunparingi dhaharan saha kepareng sami suka-suka ing adicaranipun Patih Jayasudirga. Begjanipun para dhayoh katitik saking pangandikanipun, “mangga dipunrahapi dhaharan ingkang sampun cumawis, lan mangga sami suka-suka.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* kawicaksanan ingkang tansah ngutamekaken begjanipun mitra tutur saha ngirangi tunanipun mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur. Patih Jayasudirga minangka panutur paring pasugatan dhumateng para dhayohipun arupi dhaharan saha tontonan tari ledhek kairing gamelan. Kanthi mekaten, rakyat badhe suka-suka ing dalemipun Patih Jayasudirga. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “mangga, ...mangga para kadang, mangga dipunrahapi dhaharan ingkang sampun cumawis, lan mangga sami suka-suka.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran tuna begja. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukara ingkang dipunlesanaken dening panutur. Ukara ingkang dipunlesanaken ing pirembagan menika damel tunanipun panutur piyambak. Patih Jayasudirga, minangka panutur tuna amargi piyambakipun kedah paring pasugatan dhumateng para dhayohipun kanthi sae.

Para dhayoh badhe sami remen saha suka-suka awit saking pasugatanipun Patih Jayasudirga. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “mangga dipunrahapi dhaharan ingkang sampun cumawis, lan mangga sami suka-suka.”

3) Panutur ngaturi mitra tuturipun supados sumene rumiyin.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* kawicaksanan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur ndhawuhi mitra tuturipun supados sumene rumiyin saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Mbok Ajeng nalika pirembagan Wiyah kaliyan para prajurit putri ing Sokawati. Mbok Ajeng Wiyah kaliyan para prajurit putri saweg gladhen kangge nyengkuyung gegayuhanipun Pangeran Sember Nyawa. Nalika sampun sawetawis anggenipun gladhen, Mbok Ajeng Wiyah ndhawuhi para prajurit putri supados sumene rumiyin.

Mbok Ajeng Wiyah : “Kanca-kanca sing taktresnani. Atiku bungah lan mongkog, dene kowe kabeh nyengkuyung gegayuhane Pangeran Sember Nyawa. Mula rehne wis sawetara nggonmu gladhen, **kowe kabeh kena ngaso dhisik.**”

Prajurit Wanita : “Nggih Mbok Ajeng. Ayo ca, ... leren dhisik olehe gladhen.. (ngaso, pijet-pijetan lan sapintarane).”

(Data 25)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan. Wujudipun inggih menika Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken begjanipun para prajurit putri. Para prajurit putri begja amargi dipunkeparengaken sumene rumiyin bibar gladhen satemah boten sayah malih. Begjanipun para prajurit putri katitik saking pangandikanipun, ”kowe kabeh kena ngaso dhisik.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* kawicaksanan ingkang tansah ngutamekaken begjanipun mitra tutur saha ngirangi tunanipun mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panatur ndhawuhi mitra tuturipun supados sumene rumiyin. Mbok Ajeng Wiyah minangka panatur ndhawuhi para prajurit putri supados sumene rumiyin amargi sampun dangu anggenipun gladhen. Para prajurit putri saged unjal ambegan sawetawis kangge ngilangi raos sayahipun. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “kowe kabeh kena ngaso dhisik.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panatur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan ing nginggil, kalenggahanipun panatur langkung inggil tinimbang mitra tutur. Mbok Ajeng Wiyah minangka panatur kenging ngginakaken basa ngoko dhumateng para prajurit putri amargi kalenggahanipun langkung inggil tinimbang para prajurit putri. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Mbok Ajeng Wiyah saged dipunwastani santun sanadyan ngginakaken basa ngoko. Perangan menika saged dipuntingali saking pangandikanipun, “Mula rehne wis sawetara nggonmu gladhen, kowe kabeh kena ngaso dhisik.”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* kamirahan. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan inggih menika.

b. Maksim Kamirahan

Ing pirembagan, antawisipun panatur kaliyan mitra tutur menika kedah ngetrapaken tumindak ingkang santun. Miturut *maksim* kamirahan, tumindak

ingkang santun dhumateng tiyang sanes menika saged awujud ngutamekaken tunanipun pribadhi saha ngirangi begja kangge piyambakipun.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika wonten kalih. Kekalihipun badhe kababar ing ngandhap menika.

1) Panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* kamirahan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur saged dipuntingali saking pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Samber nalika Nyawa kaliyan sedaya tiyang nalika pasewakan ing pirembagan Mangkunegaran. Pangeran Samber Nyawa pikantuk kabar bilih para demang, wedana, saha nayaka boten sarujuk kaliyan wosipun serat prajanjen Salatiga. Pangeran Samber Nyawa boten mangertos badhe tumindak menapa malih amargi gegayuhanipun boten badhe pados kamukten dhiri ananging kepengin soroh jiwa raga kangge rakyatipun.

Samber Nyawa : “Apa? (kaget, kuciwa) Kabeh ora sarujuk? ... Banjur apa maneh sing kudu tak lakoni? Merga sejatine aku ora duwe pangajab golek kamukten dhiri, nanging **kepengin soroh jiwa raga kanggo kowe kabeh**. Uga kanggo kawula sing tak tresnani.”

Prawira Peksa : “Mila prayoginipun, Njeng Pangeran tumuli paring dhawuh nglajengaken perang mengsah Landi. Menawi kawula boten sak hiyek saeka praya, Landi temtu badhe saya gampil ngumbar kamurkan.”

(Data 14)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan. Wujudipun inggih menika Pangeran Samber Nyawa ngutamekaken tunanipun pribadhi. Pangeran Samber Nyawa kersa soroh jiwa raga kangge muktining

rakyatipun. Pangeran Samber Nyawa tuna amargi kedah ngurbanaken kaslametanipun. Tunanipun Pangeran Samber Nyawa katitik saking pangandikanipun, “kepengin soroh jiwa raga kanggo kowe kabeh.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* kamirahan bilih tumindak ingkang santun menika tumindak ingkang tansah ngutamekaken tunanipun pribadhi saha ngirangi begja kangge piyambakipun.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur. Pangeran Samber Nyawa minangka panutur badhe damel mukti rakyatipun kanthi soroh jiwa raga. Pangeran Samber Nyawa ngurbanaken kaslametanipun kangge merangi Walandi amrih tentreming nagari. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “kepengin soroh jiwa raga kanggo kowe kabeh.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran tuna begja. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukara ingkang dipunlesanaken dening panutur. Ukara ingkang dipunlesanaken ing pirembagan menika damel tunanipun panutur piyambak. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Pangeran Samber Nyawa menika damel tuna piyambakipun. Pangeran Samber Nyawa tuna amargi kedah soroh jiwa raga saha ngurbanaken kaslametanipun kangge perang mengsah Walandi. Pangeran Samber Nyawa badhe nundhung Walandi medal saking nagari amrih tentreming gesang rakyatipun. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “kepengin soroh jiwa raga kanggo kowe kabeh.”

2) Panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* kamirahan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran nalika pirembagan Samber Nyawa kaliyan Mbok Ajeng Wiyah ing Sokawati. Pangeran Samber Nyawa rawuh ing Sokawati nalika Mbok Ajeng Wiyah kaliyan para prajurit putri saweg sumene bibar gladhen.

Samber Nyawa : “Iya... Mbok Ajeng, wis suwe nggonmu gladhen? ... Apa ora sayah?”

Mbok Ajeng Wiyah : “**Boten Njeng Pangeran, malah saya remen.** Semanten ugi kanca-kanca menika. Sanadyan jejerung wanita nanging rumaos gadhah tanggel jawab tumut ndhepani ibu pertiwi.”
(Data 26)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan. Wujudipun inggih menika Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken tunanipun pribadhi. Mbok Ajeng Wiyah ngendika dhumateng Pangeran Samber Nyawa bilih piyampakipun boten sayah sanadyan Mbok Ajeng Wiyah menika sayah. Mbok Ajeng Wiyah tuna amargi kedah ethok-ethok boten sayah ing sangajengipun Pangeran Samber Nyawa. Tunanipun Mbok Ajeng Wiyah katitik saking pangandikanipun, “Boten Njeng Pangeran, malah saya remen.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* kamirahan bilih tumindak ingkang santun menika tumindak ingkang tansah ngutamekaken tunanipun pribadhi saha ngirangi begja kangge piyambakipun.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur. Mbok Ajeng Wiyah minangka panutur nutupi raos

sayahipun ing sangajengipun Pangeran Samber Nyawa. Mbok Ajeng Wiyah ethok-ethok boten sayah sanadyan nembe kemawon gladhen sawetawis dangu kangge mbombongaken manahipun Pangeran Samber Nyawa. Perangan menika katitik saking ukara ingkang dipunlesanaken dening Mbok Ajeng Wiyah, “Boten Njeng Pangeran, malah saya remen.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran tuna begja. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukara ingkang dipunlesanaken dening panutur. Ukara ingkang dipunlesanaken ing pirembagan menika damel tunanipun panutur piyambak. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Mbok Ajeng Wiyah menika damel tuna piyambakipun. Mbok Ajeng Wiyah tuna amargi kedah ethok-ethok boten sayah ing sangajengipun Pangeran Samber Nyawa sanadyan piyambakipun sayah bibar gladhen. Mbok Ajeng Wiyah ethok-ethok boten sayah supados katingal semangat satemah damel remening penggalih Pangeran Samber Nyawa. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Boten Njeng Pangeran, malah saya remen.”

Salajengipun badhe dipunrembag babagan wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* pangalembana. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana inggih menika.

c. **Maksim Pangalembana**

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun pranatan ingkang nata pirembagan supados kalaksanan kanthi lancar. Salah satunggalipun *maksim* ing *prinsip* kesantunan inggih menika *maksim* pangalembana. Miturut *maksim*

pangalembana tiyang menika saged dipunsebut santun bilih tansah paring pangalembana dhumateng mitra tuturipun nalika pirembagan.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* inggih menika panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur. Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* pangalembana ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenan nalika : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran
pirembagan Samber Nyawa kaliyan Mbok Ajeng Wiyah ing Sokawati nalika para prajurit putri sanesipun saweg sumene bibar gladhen. Pangeran Samber Nyawa remen kaliyan Mbok Ajeng Wiyah saha kagungan kekajengan badhe mendhet garwa Mbok Ajeng Wiyah.

Samber Nyawa : “Mbok Ajeng Wiyah, oraa aku ngendika kowe mesthi ngerti. Nalika aku ketemu sepisanan karo kowe, penggalihku kepranan banget. Aku isih eling... rikala Ki Demang nanggap wayang biyen, aku kaget lan gumun dene ing tengah wengi **ana cahya sumunar sing cumlorot seka anggamu**. Miturut para sepuh, cahya kuwi sing diarani cahya induresmi.”

Mbok Ajeng Wiyah : “Menapa menika dede soroting blencong ing pakeliran Njeng Pangeran? (isin-isin piye)”

(Data 28)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana. Wujudipun inggih menika Pangeran Samber Nyawa paring pangalembana dhumateng Mbok Ajeng Wiyah kanthi andum katresnan. Mbok Ajeng Wiyah dipunalem bilih raganipun Mbok Ajeng Wiyah tansah sumunar. Ukara ingkang nedahaken bilih Pangeran Samber Nyawa paring pangalembana dhumateng Mbok Ajeng Wiyah inggih menika, “ana cahya sumunar sing cumlorot seka anggamu.”

Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* pangalembana bilih tiyang ingkang santun menika tiyang ingkang tansah paring pangalembana dhumateng mitra tuturipun ing pirembagan.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika mujudaken bilih panutur andum katresnan kaliyan mitra tuturipun. Pangeran Samber Nyawa minangka panutur andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah amargi Pangeran Samber Nyawa tresna kaliyan Mbok Ajeng Wiyah. Pangeran Samber Nyawa mahyakaken raos tresnanipun kanthi paring pangalembana dhumateng Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken ukara ingkang endah. Pangeran Samber Nyawa tumindak mekaten supados Mbok Ajeng Wiyah kersa dipunpendhet garwa dening Pangeran Samber Nyawa. Ukara ingkang nedahaken bilih Pangeran Samber Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah inggih menika, ”ana cahya sumunar sing cumlorot seka anggamu.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran langsung-boten langsung. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking caranipun panutur mahyakaken raos tresnanipun kanthi boten langsung. Ing pirembagan ing nginggil, Pangeran Samber Nyawa tresna kaliyan Mbok ajeng Wiyah saha badhe mendhet garwa Mbok Ajeng Wiyah. Pangeran Samber Nyawa mahyakaken raos tresnanipun kanthi boten langsung. Pangeran Samber Nyawa ngginakaken tembung-tembung ingkang endah supados Mbok Ajeng Wiyah remen saha kersa dados garwanipun Pangeran Samber Nyawa. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “aku kaget lan gumun dene ing tengah wengi ana cahya sumunar sing cumlorot seka anggamu.”

Salajengipun badhe dipunandharaken babagan wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* andhap asor. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor inggih menika.

d. *Maksim Andhap asor*

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun pranatan ingkang nata pirembagan supados kalaksanan kanthi lancar. Salah satunggalipun *maksim* ing *prinsip* kesantunan inggih menika *maksim* andhap asor. Ing *maksim* andhap asor, dipunkajengaken bilih tiyang ingkang ing pirembagan menika kedah tansah andhap asor. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor ingkang dipunpangihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika wonten kalih. Kekalihipun badhe kababar ing ngandhap menika.

1) Panutur kersa ngakeni lepatipun.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* andhap asor ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur kersa ngakeni lepatipun saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember nalika Nyawa kaliyan Kudana Warsa ing Mangkunegaran nalika pirembagan pasewakan. Pangeran Sember Nyawa nengahi padudon antawisipun para senopati perangipun babagan wosipun serat prajanjen Salatiga.

Sember Nyawa : “Leremna atimu. Aja padha padudon dhewe.”
Kudana Warsa : “**Lepat nyuwun sih pangapunten dalem.** Latuning manah boten saget kula pekak amargi kakang Randhu Welang sampun boten nedahaken watak satriya betengi gegayuhan dalem.”

(Data 10)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor. Wujudipun inggih menika Kudana Warsa tansah andhap asor kanthi kersa ngakeni lepatipun. Kudana Warsa rumaos lepat amargi padu kaliyan Randhu Welang. Ukara ingkang nedahaken bilih Kudana Warsa kersa tansah andhap asor inggih menika, “Lepat nyuwun sih pangapunten dalem.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* andhap asor ingkang mrayogekaken supados panutur tansah ngutamekaken sipat andhap asor.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur kersa ngakeni lepatipun. Kudana Warsa minangka panutur kersa ngakeni lepatipun ingkang boten saged njagi lathinipun. Kudana Warsa rumaos lepat amargi piyambakipun padu kaliyan Randhu Welang babagan wosipun serat prajanjen Salatiga. Padudon menika satemah njalari sesingitan antawisipun Kudana Warsa kaliyan Randhu Welang. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Kudana Warsa ingkang nggambaraken bilih piyambakipun kersa ngakeni lepatipun inggih menika, “lepat nyuwun sih pangapunten dalem.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan ing nginggil, kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. Kudana Warsa minangka panutur matur dhumateng Pangeran Sember Nyawa kanthi ngginakaken ukara ingkang santun. Salah satunggalipun titikan ukara ingkang santun inggih menika kanthi ngginakaken basa krama dhumateng Pangeran Sember Nyawa amargi

kalenggahanipun Pangeran Sember Nyawa langkung inggil. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Lepat nyuwun sih pangapunten dalem.”

2) Panutur ngawon-awonaken piyambakipun.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* andhap asor ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur ngawon-awonaken piyambakipun saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember Nyawa kaliyan Mbok Ajeng Wiyah ing Sokawati nalika para prajurit sanesipun saweg sumene bibar gladhen. Pangeran Sember Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah. Pangeran Sember Nyawa tresna kaliyan Mbok Ajeng Wiyah saha kagungan kekajengan badhe mendhet garwa Mbok Ajeng Wiyah. Mbok Ajeng Wiyah lingsem amargi Pangeran Sember Nyawa tresna kaliyan piyambakipun.

Sember Nyawa : “Ora sah wedi ora sah bingung. Kowe ki wis dewasa. Mesthine wis tanggap marang kersaku. Yen satemene, aku kepengin mundhut garwa kowe.”

Mbok Ajeng Wiyah : “Punten dalem sewu, **kula namung lare dhusun**. Dene panjenengan dalem menika tedhak turuning ngaluhur. Menapa mangke boten damel lingsem asma dalem pangeran.”

(Data 30)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor.

Pirembagan ing nginggil nedahaken bilih Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken sipat andhap asor kanthi ngawon-awonaken piyambakipun wonten sangajenging Pangeran Sember Nyawa. Mbok Ajeng Wiyah ngawon-awonaken piyambakipun amargi Pangeran Sember Nyawa ingkang kalenggahanipun langkung inggil menika tresna kaliyan Mbok Ajeng Wiyah ingkang boten sanes namung prajurit putri. Ukara ingkang nedahaken bilih Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken sipat

andhap asoripun inggih menika, “kula namung lare dhusun.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* andhap asor ingkang mrayogekaken supados panutur tansah ngutamekaken sipat andhap asor.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur ngawonawonaken piyambakipun. Mbok Ajeng Wiyah minangka panutur ngawonawonaken piyambakipun ing sangajengipun Pangeran Samber Nyawa. Mbok Ajeng Wiyah ngendika bilih piyambakipun namung lare dhusun saha rumaos boten pantes dipunpendhet garwa dening Pangeran Samber Nyawa ingkang langkung inggil kalenggahanipun. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Mbok Ajeng Wiyah ingkang nggambaraken bilih Mbok Ajeng Wiyah ngawonawonaken piyambakipun inggih menika, “kula namung lare dhusun.”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan ing nginggil, kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. Mbok Ajeng Wiyah minangka panutur matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa kanthi ngginakaken ukara ingkang santun. Salah satunggalipun titikan ukara ingkang santun inggih menika kanthi ngginakaken basa krama dhumateng Pangeran Samber Nyawa amargi kalenggahanipun Pangeran Samber Nyawa langkung inggil. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “kula namung lare dhusun.”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk inggih menika.

e. Maksim Sarujuk

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun pranatan ingkang nata pirembagan supados kalaksanan kanthi lancar. Salah satunggalipun *maksim* ing *prinsip* kesantunan inggih menika *maksim* sarujuk. Miturut *maksim* sarujuk, tiyang menika kedah ngutamekaken raos sarujuk ing pirembagan. Pirembagan badhe dipunwastani santun bilih panutur menika sarujuk kaliyan pamanggihipun mitra tutur.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak Udhare Janget Kinatelon menika wonten kalih. Kekalihipun badhe kababar ing ngandhap menika.

1) Panutur nglaksanakaken kersanipun mitra tutur.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk ingkang wosipun purembagan inggih menika panutur nglaksanaken kersanipun mitra tutur menika saged dipuntingali saking 2 jinis ukuran kesantunan. Kalih jinis ukuran kesantunan menika kababar ing ngandhap menika.

a) Ukuran *keotoritasan*

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur nglaksanaken kersanipun mitra tutur saha ngginakaken ukuran *keotoritasan* saged dipuntingali ing pethikan ing ngadhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember nalika Nyawa kaliyan para senopati perangipun ing Mangkunegaran pirembagan nalika pasewakan. Pangeran Sember Nyawa nengahi padudon antawisipun para senopati perangipun babagan wosipun serat

prajanjen Salatiga. Pirembagan ingkang dipunkajengaken inggih menika.

Samber Nyawa : “Uwis... uwis Kudana Warsa, Prawira Peksa, lan kowe Randhu Welang.”
Tetelune : “**Injih**, Njeng Pangeran.”

(Data 9)

Pirembagan menika jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk. Pirembagan ing nginggil nedahaken bilih para senopati perangipun Pangeran Samber Nyawa inggih menika Kudana Warsa, Prawira Peksa, kaliyan Randhu Welang sarujuk kaliyan pamanggihipun Pangeran Samber Nyawa supados boten padudon malih. Kawontenan menika ateges senopati perangipun Pangeran Samber Nyawa ngutamekaken raos sarujuk dhumateng Pangeran Samber Nyawa. Ukara ingkang nedahaken raos sarujukipun inggih menika, “Injih, Njeng Pangeran.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* sarujuk bilih pirembagan badhe dipunwastani santun menawi panutur menika sarujuk kaliyan pamanggihipun mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur nglaksanakaken kersanipun mitra tutur. Pangeran Samber Nyawa ndhawuhi para senopatinipun supados mungkasi padudon. Para senopatinipun minangka panutur nglaksanaken kersanipun kathi ngendika “inggih” saha mungkasi padudonipun. Tembung “inggih” menika salah satunggaling tembung ingkang nedahaken bilih panutur badhe nglaksanaken panyuwunanipun mitra tutur. Kawontenan menika katitik saking pangandikanipun, “Injih, Njeng Pangeran.”

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan

mitra tutur. Ing pirembaran ing nginggil, kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. Kudana Warsa, Prawira Peksa, kaliyan Randhu Welang minangka panutur matur dhumateng Pangeran Sember Nyawa kanthi ngginakaken ukara ingkang santun. Salah satunggalipun titikan ukara ingkang santun inggih menika kanthi ngginakaken basa krama dhumateng Pangeran Sember Nyawa amargi kalenggahanipun Pangeran Sember Nyawa langkung inggil tinimbang Kudana Warsa, Prawira Peksa, saha Randhu Welang. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Injih, Njeng Pangeran.”

b) Ukuran tuna-bathi

Pirembaran ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk ingkang wosipun inggih menika panutur nglaksanaken kersanipun mitra tutur saha ngginakaken ukuran tuna-bathi saged dipuntingali ing pethikan ing ngadhap menika.

Kawontenanipun nalika pirembaran : Pirembaran menika dumados antawisipun Hamengku Buwana I kaliyan Wiralaga ing alun-alun Kraton Ngayogyakarta. Hamengku Buwana I paring dhawuh dhumateng Wiralaga supados ngirid prajurit kangge murugi Pangeran Sember Nyawa ingkang sampun ngobrak-abrik kalenggahanipun Pangeran Mangkubumi.

Hamengku Buwana I : “(nesu) Ngirida prajurit sacukupe! Pethukke Sember Nyawa. Wenehana ngerti yen ingsun ora kepengin ngadani perang mungsuh sedulur tunggal bangsa, luwih-luwih tilas putra mantu. Nanging yen Sember Nyawa tetep puguh, purba wasesa ingsun paringake Sira.”

Wiralaga : “**Sendika.**”

(Data 24)

Pirembaran ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk. Wujudipun inggih menika panutur tansah ngutamekaken raos sarujuk kaliyan mitra tuturipun. Wiralaga minangka panutur sarujuk kaliyan pangandikanipun

Hamengku Buwana I ingkang katingal saking ukara ingkang dipunlesanaken dening Wiralaga, “sendika.” Tembung “sendika” menika nedahaken bilih Wiralaga sarujuk kaliyan pangandikanipun Hamengku Buwana I. Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* sarujuk bilih pirembagan badhe dipunwastani santun menawi panutur menika sarujuk kaliyan pamanggihipun mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur badhe nglaksanakaken kersanipun mitra tutur. Wiralaga minangka panutur sagah badhe nglaksanaken kersanipun Hamengku Buwana I supados ngirid prajurit mapag Pangeran Sember Nyawa. Perangan menika katitik saking pangandikanipun Wiralaga, “sendika.” Tembung sendika menika nedahaken bilih Wiralaga siyaga nglaksanakaken kersanipun Hamengku Buwana I ngirid prajurit mapag Pangeran Sember Nyawa.

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan tuna-begja. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukara ingkang dipunlesanaken dening panutur. Ukara ingkang dipunlesanaken ing pirembagan menika damel tunanipun panutur piyambak. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Wiralaga menika damel tuna piyambakipun. Wiralaga sampun sagah kaliyan kersanipun Hamengku Buwana I satemah kedah ngirid prajurit mapag Pangeran Sember Nyawa. Wiralaga tuna amargi kedah rekaos ngirid prajurit nglaksanakaken kersanipun Hamengku Buwana I. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “sendika.”

2) Panutur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur.

Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk ingkang wosipun inggih menika panutur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun
nalika
pirembagan

Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember Nyawa kaliyan Prawira Peksa ing Mangkunegaran nalika pasewakan. Pangeran Sember Nyawa kagungan pamanggih bilih antheke-anthekipun Walandi langkung nggegirisi, boten beda kaliyan Patih Jayasudirga. Prawira Peksa sarujuk kaliyan pamanggihipun Pangeran Sember Nyawa.

Sember Nyawa : “Kowe bener Prawira Peksa. Antheke-anthekipun Landa luwih nggegirisi. Ora beda karo Jayasudirga.”

Prawira Peksa : “**Leres** Njeng Pangeran. Kanjeng Sunan namung minangka wayangipun Jayasudirga ingkang sampun pidak jempol kaliyan Landi.”

(Data 16)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk. Pirembagan ing nginggil nedahaken bilih Prawira Peksa sarujuk kaliyan pamanggihipun Pangeran Sember Nyawa. Prawira Peksa sarujuk kaliyan pangandikanipun Pangeran Sember Nyawa amargi pangandikanipun Pangeran Sember Nyawa menika leres. Ukara ingkang nedahaken bilih Prawira Peksa sarujuk kaliyan Pangeran Sember Nyawa inggih menika, “leres Njeng Pangeran.” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* sarujuk bilih pirembagan badhe dipunwastani santun menawi panutur menika sarujuk kaliyan pamanggihipun mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil ingih menika panutur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur. Prawira Peksa ngleresaken pamanggihipun Pangeran Sember Nyawa bilih antheke-anthekipun Walandi langkung nggegirisi. Prawira

Peksa ngleresaken pamanggihipun Pangeran Samber Nyawa kanthi ngginakaken tembung ingkang tegesipun ngleresaken. Ukaranipun ingkang ngewrat tembung ingkang tegesipun ngleresaken inggih menika “leres Njeng Pangeran.”

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan ing nginggil, kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. Prawira Peksa minangka panutur matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa kanthi ngginakaken ukara ingkang santun. Salah satunggalipun titikan ukara ingkang santun inggih menika kanthi ngginakaken basa krama dhumateng Pangeran Samber Nyawa amargi kalenggahanipun Pangeran Samber Nyawa langkung inggil tinimbang Prawira Peksa. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “leres Njeng Pangeran.”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* tepa slira. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* tepa slira inggih menika.

f. Maksim Tepa Slira

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun pranatan ingkang nata pirembagan supados kalaksanaan kanthi lancar. Salah satunggalipun *maksim* ing *prinsip* kesantunan inggih menika *maksim* tepa slira. Miturut *maksim* tepa slira, dipunkajengaken bilih tiyang menika tansah ngutamekaken raos tepa slira dhumateng mitra tuturipun ing pirembagan.

Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* tepa slira ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* inggih menika

panutur ngaturi mitra tuturipun supados boten menggalih sanget-sanget. Pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* tepa slira ingkang wosipun inggih menika panutur ngaturi mitra tuturipun supados boten menggalih sanget-sanget saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember nalika Nyawa kaliyan Prawira Peksa nalika pasewakan ing pirembagan Mangkunegaran. Pangeran Sember Nyawa katingal saweg menggalih sanget-sanget bibar pun tapakasmani serat prajanten Salatiga. Kudana Warsa ngaturi supados Pangeran Sember Nyawa sampun menggalih sanget-sanget mindhak gerah.

Samber Nyawa : (katingal saweg menggalih amargi cuwa penggalhipun).
 Prawira Peksa : “(nyembah) Njeng Pangeran. Sampun ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. **Slira dalem mangke gerah lho.**”

(Data 2)

Pirembagan ing nginggil menika jumbuh kaliyan *maksim* tepa slira.

Wujudipun inggih menika Prawira Peksa tansah ngutamekaken raos tepa slira dhumateng Pangeran Sember Nyawa. Raos tepa sliranipun dipunwahyakaken kanthi nggatosaken kasarasanipun Pangeran Sember Nyawa. Ukara ingkang nedahaken bilih Prawira Peksa ngutamekaken raos tepa slira dhumateng Pangeran Sember Nyawa inggih menika, “Slira dalem mangke gerah lho.”. Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* tepa slira ingkang mrayogekaken supados tiyang menika tansah ngutamekaken raos tepa slira dhumateng mitra tuturipun ing pirembagan.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur ngaturi mitra tuturipun supados boten menggalih sanget-sanget. Wosipun pirembagan menika katingal saking pangandikanipun Prawira Peksa. Nalika Prawira Peksa sumerep

Pangeran Sember Nyawa saweg menggalih, Prawira Peksa ngaturi Pangeran Sember Nyawa supados boten menggalih sanget-sanget babagan serat prajanjen Salatiga supados boten gerah. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “sampun ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. Slira dalem mangke gerah lho.”

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan ing nginggil, kalenggahanipun mitra tutur langkung inggil tinimbang panutur. Prawira Peksa minangka panutur matur dhumateng Pangeran Sember Nyawa kanthi ngginakaken ukara ingkang santun. Salah satunggalipun titikan ukara ingkang santun inggih menika kanthi ngginakaken basa krama dhumateng Pangeran Sember Nyawa amargi kalenggahanipun Pangeran Sember Nyawa langkung inggil. Perangan menika katitik saking pangandikanipun “sampun ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. Slira dalem mangke gerah lho.”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kesantunan inggih menika.

2. Wosipun Pirembagan ingkang Nyebal saking *Prinsip* Kesantunan.

Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ingkang kapanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* saged kaperang miturut *maksim*-maksim-ipun. *Maksim*-maksim-ipun inggih menika *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, saha

maksim tepa slira. Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan badhe kababar ing ngandhap menika.

a. Maksim Kamirahan

Ing pirembagan, antawisipun panutur kaliyan mitra tutur menika kedah ngetrapaken tumindak ingkang santun. Miturut *maksim* kamirahan, tumindak ingkang santun dhumateng tiyang sanes menika saged awujud ngutamekaken tunanipun pribadhi saha ngirangi begja kangge piyambakipun. Dene sawalikipun, tiyang ingkang tansah ngutamekaken begja kangge pribadhinipun menika dipunwastani tiyang ingkang kirang santun saha pirembaganipun nyebal saking *maksim* kamirahan.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kamirahan ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* inggih menika panutur nyuwun peparing saking mitra tuturipun. Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* kamirahan ingkang wosipun inggih menika panutur nyuwun peparing saking mitra tuturipun saged dipuntingali ing pethikan ing ngadhap menika.

Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Patih Jayasudirga kaliyan Randhu Welang ing dalemipun Patih Jayasudirga. Randhu Welang nyuwun pawitan kangge sangu gesang dhumateng Patih Jayasudirga ananging boten dipunparingi dening Patih Jayasudirga. Patih Jayasudirga boten maringi pawitan dhumateng Randhu Welang amargi Randhu Welang sanes adhahanipun malih.

Randhu Welang : “Kula badhe wangsul dhateng dhusun kemawon, wangsul dados tani. Malah menawi kepareng kula badhe **nyuwun pawitan** kangge sangu gesang kula Ki Patih.”

Patih Jayasudirga : “Ha kok le mlunyu. Le nyunur! Ha nek kowe wis ra isa caos pelapuran ateges kuwajibanmu wis rampung! Merga wis

dudu andhahanku maneh!

(Data 21)

Pirembagan ing nginggil nyebal saking *maksim* kamirahan amargi panutur tansah ngutamekaken begja kangge piyambakipun. Randhu Welang minangka panutur tansah ngutamekaken begja kangge piyambakipun. Begjanipun Randhu Welang inggih menika Randhu Welang badhe pikantuk pawitan saking Patih Jayasudirga sanadyan sampun boten saged caos pelapuran malih dhumateng Patih Jayasudirga. Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu Welang ngutamekaken begja kangge piyambakipun inggih menika, “kula badhe nyuwun pawitan kangge sangu gesang kula Ki Patih.”Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* kamirahan inggih menika pirembagan badhe dipunwastani nyebal saking *maksim* kamirahan bilih panutur tansah ngutamekaken begja kangge piyambakipun.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur nyuwun peparing saking mitra tutur. Randhu Welang minangka panutur nyuwun peparing arupi pawitan dhumateng Patih Jayasudirga. Pawitan menika badhe dipunginakaken kangge sangu gesangipun Randhu Welang. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “kula badhe nyuwun pawitan kangge sangu gesang kula Ki Patih.”

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan tuna-begja. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking ukara ingkang dipunlesanaken dening panutur. Ukara ingkang dipunlesanaken ing pirembagan menika damel begjanipun panutur piyambak. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Randhu Welang menika damel begja kangge piyambakipun. Randhu Welang begja amargi piyambakipun badhe pikantuk pawitan bilih Patih Jayasudirga ngabulaken panyuwunanipun

Randhu Welang. Pawitanipun saged dipunginakaken kangge sangu gesangipun Randhu Welang. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “kula badhe nyuwun pawitan kangge sangu gesang kula Ki Patih.”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* pangalembana. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* pangalembana inggih menika.

b. Maksim Pangalembana

Miturut *maksim* pangalembana, tiyang menika saged dipunwastani santun bilih nalika pirembagan tansah paring pangalembana dhumateng mitra tuturipun. Ing pirembagan, panutur saha mitra tutur dipunkajengaken boten sami ngenyek saha ngasoraken tiyang sanes. Tiyang ingkang remen ngasoraken mitra tutur badhe dipunwastani tiyang ingkang kirang santun saha pirembaganipun nyebal saking *maksim* pangalembana.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* pangalembana ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* inggih menika panutur nyariosaken awonipun mitra tutur. Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* pangalembana ingkang wosipun inggih menika panutur nyariosaken awonipun mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Randhu Welang
 nalika kaliyan Kudana Warsa nalika pasewakan ing Mangkunegaran.
 pirembagan Kudana Warsa padu kaliyan Randhu Welang amargi Randhu
 Welang sampun boten kersa perang mengsah Walandi.
 Kersanipun Randhu Welang inggih menika supados Pangeran
 Samber Nyawa pidak jempol kaliyan Walandi. Kudana Warsa
 ngendika bilih Randhu Welang menika jirih, boten wantun

ndherek perang malih.

- Randhu Welang : “O, ngerti kula. **Sampeyan wis kanggonan jirih!** Kula mawon wani ninggal raja brana, ninggal anak bojo dinggo kayayane ibu pertiwi, lha kok sampeyan malah miyur!”
- Kudana Warsa : “Nek riyin, kula niku padha sampeyan. Uga ngugemi sesanti *tiji tibe*. Mukti siji mukti kabeh, mati siji mati kabeh. Ning napa entuk-entukane? Boten onten Dhi!.. Sing mati nggih ming dikubur. Sing mukti ora ajak-ajak. Bareng arep perang njur ngejak kula!”

(Data 12)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* pangalembana amargi panutur ngasoraken mitra tutur. Kudana Warsa minangka panutur tansah ngasoraken Randhu Welang kanthi ngendika bilih Randhu Welang menika tiyang ingkang jirih. Ukara ingkang nedahaken bilih Kudana Warsa ngasoraken Randhu Welang inggih menika, “Sampeyan wis kanggonan jirih!” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* pangalembana bilih tiyang ingkang remen ngasoraken mitra tutur badhe dipunsebut tiyang ingkang kirang santun saha pirembaganipun nyebal saking *maksim* pangalembana.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur nyariosaken awonipun mitra tutur. Kudana Warsa minangka panutur nyariosaken awonipun Randhu Welang bilih Randhu Welang menika tiyang ingkang jirih. Randhu Welang boten wantun perang mengsah Walandi mbela negari. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “sampeyan wis kanggonan jirih!”

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan menika, panutur sederajat kaliyan mitra tutur. Kudana Warsa ngendika kaliyan Randhu Welang ngginakaken ukara ingkang kirang

santun amargi kekalihipun sederajat, inggih menika sami-sami senopatinipun Pangeran Sember Nyawa. Titikanipun ukara ingkang kirang santun inggih menika kanthi ngginakaken basa ngoko saha nyariosaken awonipun Randhu Welang. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “sampeyan wis kanggonan jirih!”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* andhap asor. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor inggih menika.

c. **Maksim Andhap Asor**

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun pranatan ingkang nata pirembagan supados kalaksanan kanthi lancar. Salah satunggalipun *maksim* ing *prinsip* kesantunan inggih menika *maksim* andhap asor. Ing *maksim* andhap asor menika dipunkajengaken bilih tiyang ing pirembagan menika kedahipun tansah andhap asor. Pirembagan dipunwastani nyebal saking *maksim* andhap asor bilih panutur remen umuk saha ngalembana piyambakipun.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor ingkang dipunpangguhaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* andhap asor ingkang wosipun inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung saged dipuntingali saking 2 jinis ukuran kesantunan. Kekalihipun badhe kababar ing ngandhap menika.

1) Ukuran Kesantunan *Keotoritasan*

Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* andhap asor ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung saha ngginakaken ukuran kesantunan *ketoritasan* saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Randhu Welang nalika kaliyan Kudana Warsa nalika pasewakan ing Mangkunegaran. pirembagan Kudana Warsa nyuwun pirsane menapa Randhu Welang menika mangertos utawi ethok-ethok boten mangertos dene tumindakipun Randhu Welang kados nyepelaken. Randhu Welang mangsuli kanthi nyenyongas saha rumaos sampun mangertos samudayanipun.

Kudana Warsa : “Kakang Randhu Welang, sampeyan niku ngerti napa ethok-ethok ora ngerti?”
 Randhu Welang : (nyenyongas Kudana Warsa) **“Lho, napa sing dereng kula ngerteni?”**

(Data 4)

Pirembagan ing nginggil nyebal saking *maksim* andhap asor amargi panutur boten ngutamekaken sipat andhap asor. Ukaranipun panutur nedahaken bilih piyambakipun umuk. Randhu Welang minangka panutur ngumukaken piyambakipun kanthi rumaos bilih piyambakipun sampun mangertos samudayanipun. Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu Welang remen umuk inggih menika, “Lho, napa sing dereng kula ngerteni?” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* andhap asor bilih pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor inggih menika menawi panutur remen umuk saha ngalembana piyambakipun.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Ukara ingkang dipunlesanaken dening panutur

nedahaken bilih piyambakipun menika kumalungkung. Randhu Welang minangka panutur katingal kumalungkung saking pangandikanipun ingkang rumaos bilih piyambakipun mangertos samudayanipun. Perangan menika katitik saking pangandikanipun,”Lho, napa sing dereng kula ngerteni?”

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan menika, panutur sederajat kaliyan mitra tutur. Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat, inggih menika sami-sami senopatinipun Pangeran Sember Nyawa.. Titikanipun ukara ingkang kirang santun inggih menika kanthi ngginakaken ukara ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor saha ngginakaken basa ngoko. Perangan menika katitik saking pangandikanipun,”Lho, napa sing dereng kula ngerteni?”

2) Ukuran Kesantunan Langsung-Boten Langsung

Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* andhap asor ingkang wosipun inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung saha ngginakaken ukuran kesantunan langsung-boten langsung saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun nalika pirembagan : Pirembagan menika dumados antawisipun Patih Jayasudirga kaliyan pengrawitipun nalika paring pasugatan kaliyan tiyang ingkang sampun pidak jempol kaliyan Walandi ing dalemipun Patih Jayasudirga. Sasampunipun para pengrawit ngiringi penari ledhek lajeng nyuwun bayaran kaliyan Patih Jayasudirga. Patih Jayasudirga sagah paring bayaran dhumateng pengrawitipun.

Pengrawit : “Ning dibayar lho niki.”

Patih Jayasudirga : “Iya-iya!! Ora ngerti pa nek aku ki entuk kekucuh? **Aku**

pinter. Sugih! Uripku wis mulya! Saben sasi nampa kekucah seka Landa lan Kanjeng Sunan! Dadi kowe kabeh ora perlu kuwatir!”

(Data 19)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* andhap asor amargi panutur boten ngutamekaken sipat andhap asor. Ukara ingkang dipunlesanaken nedahaken bilih panutur ngalembana piyambakipun. Patih Jayasudirga minangka panutur tansah ngalembana piyambakipun kanthi nyariosaken becikipun Patih Jayasudirga piyambak. Patih Jayasudirga ngendika bilih piyambakipun menika pinter saha sugih. Ukara ingkang nedahaken bilih Patih Jayasudirga ngalembana piyambakipun inggih menika, “Aku pinter. Sugih! Uripku wis mulya!” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor inggih menika menawi panutur tansah kumalungkung saga ngumukaken piyambakipun.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Patih Jayasudirga minangka panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Titikanipun Patih Jayasudirga tiyang ingkang kumalungkung inggih menika Patih Jayasudirga remen ngalembana piyambakipun bilih piyambakipun sugih saha pinter. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Aku pinter. Sugih! Uripku wis mulya!”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran langsung-boten langsung. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking caranipun panutur nyariosaken kawontenan piyambakipun. Ing pirembagan ing nginggil, Patih Jayasudirga minangka panutur nyariosaken kawontenanipun bilih piyambakipun pinter saha sugih kanthi langsung. Patih Jayasudirga ngalembana

piyambakipun kanthi langsung satemah katingal kumalungkung. Ukara ingkang nedahaken sipat ingkang kumalungkung menika nyebal saking *maksim* andhap asor saha kalebet ukara ingkang kirang santun. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Aku pinter. Sugih! Uripku wis mulya!”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk inggih menika.

d. Maksim Sarujuk

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun pranatan ingkang nata pirembagan supados kalaksanan kanthi lancar. Salah satunggalipun *maksim* ing *prinsip* kesantunan inggih menika *maksim* sarujuk. Miturut *maksim* sarujuk, tiyang menika kedah ngutamekaken raos sarujuk. Pirembagan badhe dipunsebut santun bilih panutur menika sarujuk kaliyan pamanggihipun mitra tutur. Dene sawalikipun pirembagan badhe dipunwastani kirang santun saha nyebal saking *maksim* sarujuk bilih panutur ngutamekaken raos boten sarujuk kaliyan mitra tutur.

Ing pagesangan masarakat Jawi, tiyang menika boten kepareng nyelani tiyang sanes ingkang saweg ngendika. Kejawi menika ugi boten kepareng nyaruwe pangandikanipun tiyang sanes menapa malih menawi tiyang menika langkung sepuh saha langkung inggil kalenggahanipun.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika wonten 2. Kekalihipun inggih menika.

1) Panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur.

Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk ingkang wosipun inggih menika panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Randhu Welang nalika kaliyan Kudana Warsa nalika pasewakan ing Mangkunegaran. pirembagan Randhu Welang kaliyan Kudana Warsa sami padu amargi Kudana Warsa boten sarujuk kaliyan tumindakipun Randhu Welang ingkang tansah meksa Pangeran Sember Nyawa supados nyawiji kaliyan Walandi.

Kudana Warsa : “Lha napa kabeh kudu dikandhakke nganggo basa sing mubeng minger? Napa kabeh kudu diblakakke nek kakang Randhu Welang meksa Njeng Pangeran Sember Nyawa nyawiji malih kalih Njeng Pangeran Mangkubumi, Kanjeng Sunan Paku Buwana, lan Landa. Ngoten napa?”

Randhu Welang : “**Sik ta!** Kula niki ming matur napa ontene. Cobi dipenggalih tenan. Kawula isa ayem tentrem nek para nayaka ora dha rebut bener. Para kawula isa mangan enak, turu kepenak nek sing kuwasa ora rebutan bandha, ... tekak tinekak, pidak pinidak, sikut sinikut. Nek negarane tentrem kawulane rak nggih ayem ta? Pancen, kula ora arep selak nek kula butuh katentreman. Kula bungah nek bumi pertiwi boten kebak pasulayan, napa malih derdah padha dene sedulur..”

(Data 6)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* sarujuk amargi panutur boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan mitra tuturipun. Randhu Welang minangka panutur boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa kanthi nyelani pangandikanipun Kudana Warsa. Randhu Welang tetep badhe meksa Pangeran Sember Nyawa supados nyawiji kaliyan Walandi. Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu Welang boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa inggih menika, “sik ta!” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* sarujuk inggih menika pirembagan badhe dipunwastani

kirang santun saha nyebal saking *maksim* sarujuk bilih panutur ngutamekaken raos boten sarujuk kaliyan mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur. Nalika Kudana Warsa dereng rampung anggenipun ngendika, Randhu Welang sampun nyaut pangandikanipun Kudana Warsa. Randu Welang nyaut utawi nyelani pangandikanipun Kudana Warsa amargi piyambakipun boten sarujuk kaliyan pangandikanipun Kudana Warsa ingkang mojakaken Randhu Welang. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, "Sik ta!"

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan menika, panutur sederajat kaliyan mitra tutur. Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat, inggih menika sami-sami senopatinipun Pangeran Sember Nyawa. Titikanipun ukara ingkang kirang santun inggih menika kanthi ngginakaken ukara ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk saha ngginakaken basa ngoko. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, "Sik ta! Kula niki ming matur napa ontene."

2) Panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur.

Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* sarujuk ingkang wosipun inggih menika panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Randhu Welang

nalika
pirembagan kaliyan Prawira Peksa nalika pasewakan ing Mangkunegaran. Nalika pasewakan menika, wonten padudon antawisipun para senopati perangipun Pangeran Sember Nyawa. Prawira Peksa kagungan pamanggih bilih Walandi sampun ngawut-awut pranatanipun nagari, ananging Randhu Welang tansah meksa Pangeran Sember Nyawa supados nyawiji kaliyan Walandi.

Prawira Peksa : “(nyaut) ning derdah niku dumadi merga pranatane dipunawut-awut Landa. Cengkahe para nayaka lantaran didu komba dening antheke-antheke kompeni, Kang!”

Randhu Welang : “**Salahe sapa sing gelem didu? Salahe sinten sing ora manut?** Nek manut rak mesti ora ana derdah. Ya ora Ca?”
(ngadhep para prajurit)

(Data 8)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* sarujuk amargi panutur boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan mitra tuturipun. Randhu Welang minangka panutur boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Prawira Peksa bilih Walandi sampun ngawut-awut pranatanipun nagari saha cengkahipun para nayaka amargi didu komba dening Walandi.

Randhu Welang mahyakaken raos boten sarujukipun kaliyan Prawira Peksa kanthi nyaruwe pangandikanipun Prawira Peksa. Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu Welang boten sarujuk kaliyan pangandikanipun Prawira Peksa inggih menika, “salahe sapa sing gelem didu? Salahe sinten sing ora manut?” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* sarujuk inggih menika pirembagan badhe dipunwastani kirang santun saha nyebal saking *maksim* sarujuk bilih panutur ngutamekaken raos boten sarujuk kaliyan mitra tutur.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih menika panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur. Randhu Welang minangka panutur boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Prawira Peksa bilih Walandi sampun ngawut-awut pranatanipun nagari saha cengkahipun para nayaka amargi didu komba

dening Walandi. Randhu Welang nyaruwe pamanggihipun Prawira Peksa menika kanthi nyalahaken para nayaka ingkang boten manut kaliyan Walandi. Panyaruwenipun Randhu Welang katitik saking pangandikanipun, “Salahe sapa sing gelem didu? Salahe sinten sing ora manut?”

Pirembagan ing nginggil ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking kalenggahanipun panutur kaliyan mitra tutur. Ing pirembagan menika, panutur sederajat kaliyan mitra tutur. Randhu Welang ngendika kaliyan Prawira Peksa ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat, inggih menika sami-sami senopatinipun Pangeran Sember Nyawa. Titikanipun ukara ingkang kirang santun inggih menika kanthi ngginakaken ukara ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk saha ngginakaken basa ngoko. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “Salahe sapa sing gelem didu? Salahe sinten sing ora manut? Nek manut rak mesti ora ana derdah.”

Salajengipun badhe kaandharaken wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* tepa slira. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira inggih menika.

e. **Maksim Tepa Slira**

Prinsip kesantunan inggih menika salah satunggalipun pranatan ingkang nata pirembagan supados kalaksanaan kanthi lancar. Salah satunggalipun *maksim* ing *prinsip* kesantunan inggih menika *maksim* tepa slira. Titikanipun pirembagan ingkang manut kaliyan *maksim* tepa slira inggih menika antawisipun panutur kaliyan mitra tutur saged ngutamekaken raos tepa slira. Dene titikanipun

pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira inggih menika pirembagan ingkang kirang nengenaken raos tepa slira antawisipun panutur saha mitra tuturipun.

Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* inggih menika panutur nyepelakaken kawontenanipun mitra tuturipun. Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan mliginipun *maksim* tepa slira ingkang wosipun inggih menika panutur nyepelakaken kawontenanipun mitra tutur saged dipuntingali ing pethikan ing ngandhap menika.

Kawontenanipun : Pirembagan menika dumados antawisipun Pangeran Sember nalika Nyawa kaliyan Randhu Welang nalika pasewakan ing pirembagan Mangkunegaran. Pangeran Sember Nyawa katingal saweg menggalih babagan serat prajanjen salatiga. Randhu Welang boten perduli kaliyan prekawis ingkang dipunpenggalih dening Pangeran Sember Nyawa amargi Randhu Welang sampun sarujuk kaliyan wosipun serat prajanjen Salatiga.

Sember Nyawa : (katingal saweg menggalih amargi cuwa penggalhipun).
 Randhu Welang : “Utawi malih, **rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?**”

(Data 3)

Pirembagan ing nginggil menika nyebal saking *maksim* tepa slira amargi panutur boten ngutamekaken raos tepa slira dhumateng mitra tuturipun. Randhu Welang minangka panutur boten ngutamekaken raos tepa slira bilih sumerep tiyang ingkang saweg menggalih satunggaling prekawis. Nalika Pangeran Sember Nyawa saweg menggalih babagan serat prajanjen Salatiga, Randhu Welang ethok-ethok boten mangertos prekawis ingkang saweg dipunpenggalih dening Pangeran Sember Nyawa.

Ukara ingkang nedahaken bilih Randhu Welang boten ngutamekaken raos tepa slira dhumateng Pangeran Sember Nyawa inggih menika, “rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?” Perangan menika trep kaliyan gagasan pokok *maksim* tepa slira bilih titikanipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira inggih menika pirembagan ingkang kirang nengenaken raos tepa slira antawisipun panutur saha mitra tuturipun.

Wosipun pirembagan ing nginggil inggih panutur nyepelkaken kawontenanipun mitra tutur. Randhu Welang nyepelkaken prekawis ingkang saweg dipunpenggalih dening Pangeran Sember Nyawa kanthi ethok-ethok boten mangertos. Randhu Welang ethok-ethok boten mangertos amargi piyambakipun sampun sarujuk kaliyan wosipun serat prajanjian Salatiga. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?”

Ukuran kesantunan ingkang dipunginakaken inggih menika ukuran langsung-boten langsung. Ukuran kesantunanipun dipuntingali saking caranipun panutur mahyakaken raos boten predulinipun kanthi langsung. Ing pirembagan ing nginggil, Randhu Welang mahyakaken raos kirang tepa slira kaliyan prekawis ingkang saweg dipunpenggalih dening Pangeran Sember Nyawa kanthi langsung. Randhu Welang ngendika bilih prekawis ingkang dipunpenggalih dening Pangeran Sember Nyawa menika sanes prekawis ingkang wigatos. Ukara ingkang dipunlesanaken dening Randhu Welang menika badhe damel cuwa penggalhipun tiyang ingkang mireng. Perangan menika katitik saking pangandikanipun, “rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?”

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha piremaganipun babagan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon*, saged dipunpendhet dudutan. Dudutanipun inggih menika.

1. Piremagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika arupi piremagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan, *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, saha *maksim* tepa slira.
 - a. Wosipun piremagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kawicaksanan inggih menika panutur mbelani mitra tutur, panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur, saha panutur ngaturi mitra tuturipun supados sumene rumiyin.
 - b. Wosipun piremagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* kamirahan inggih menika panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur saha panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur.
 - c. Wosipun piremagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* pangalembana inggih menika panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur.
 - d. Wosipun piremagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* andhap asor inggih menika panutur ngakeni lepatipun saha panutur ngawon-awonaken piyambakipun wonten sangajengipun mitra tutur.

- e. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* sarujuk inggih menika panutur nindakaken dhawuhipun mitra tutur saha panutur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur.
 - f. Wosipun pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *maksim* tepa slira inggih menika panutur ngaturi mitra tuturipun supados boten menggali sanget-sanget.
2. Pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika arupi pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kamirahan, *maksim* pangalembana, *maksim* andhap asor, *maksim* sarujuk, saha *maksim* tepa slira.
 - a. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* kamirahan inggih menika panutur nyuwun peparang saking mitra tuturipun.
 - b. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* pangalembana inggih menika panutur nyariosaken awonipun mitra tutur.
 - c. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* andhap asor inggih menika panutur menika tiyang ingkang kumalungkung.
 - d. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* sarujuk inggih menika panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur saha panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur.
 - e. Wosipun pirembagan ingkang nyebal saking *maksim* tepa slira inggih menika panutur nyepelekaken kawontenanipun mitra tutur.
 3. Pirembagan ingkang jumbuh saha nyebal saking *prinsip* kesantunan ingkang dipunpanggihaken ing naskah kethoprak *Udhare Janget Kinatelon* menika

ngginakaken ukuran kesantunan *keotoritasan*, ukuran kesantunan langsung-boten langsung, saha ukuran kesantunan tuna-begja.

- a. Ukuran kesantunan tuna-begja dipunginakaken ing pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur mbelani mitra tutur, panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur, panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur, panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur, saha panutur nglaksanakaken dhawuhipun mitra tutur. Ukuran kesantunan tuna-begja ugi dipunginakaken ing pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur nyuwun peparang saking mitra tuturipun.
- b. Ukuran kesantunan langsung-boten langsung dipunginakaken ing pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur. Ukuran kesantunan langsung-boten langsung ugi dipunginakaken ing pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur nyepelakaken kawontenanipun mitra tutur saha panutur menika tiyang ingkang kumalungkung.
- c. Ukuran kesantunan *keotoritasan* dipunginakaken ing pirembagan ingkang jumbuh kaliyan *prinsip* kesantunan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur ngaturi mitra tuturipun supados sumene rumiyin, panutur kersa ngakeni lepatipun, panutur ngawon-awonaken piyambakipun, panutur nglaksanakaken dhawuhipun mitra tutur, panutur ngleresaken

pamanggihipun mitra tutur, saha panutur ngaturi mitra tuturipun supados boten menggalih sanget-sanget.

Ukuran kesantunan *keotoritasan* ugi dipunginakaken ing pirembagan ingkang nyebal saking *prinsip* kesantunan ingkang wosipun pirembagan inggih menika panutur nyariosaken awonipun mitra tutur, panutur menika tiyang ingkang kumalungkung, panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur, saha panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur.

B. Implikasi

Paneliten menika kaangkah saged nambah jinising panaliten babagan *Pragmatik* mliginipun panaliten babagan *prinsip* kesantunan ing naskah kethoprak. Kangge mahasiswa *Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY*, saged dipundadosaken salah satunggalipun *referensi* babagan *Pragmatik* mliginipun perangan *prinsip* kesantunan. Panaliten menika kaangkah ugi saged dados *rujukan* kangge para panaliti sanesipun ingkang ngawontenaken panaliten tumrapipun *prinsip-prinsip* ing pirembagan kanthi prekawis ingkang langkung wiyar.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asiling panaliten saha dudutanipun ingkang sampun dipunjlehaken ing nginggil, ing perangan menika panaliti badhe suka pamrayogi. Pamrayoginipun inggih menika.

1. Kangge pamaos, panutur saha mitra tutur menika kedahipun tansah nggatosaken kawontenanipun nalika pirembagan. Panutur saha mitra tutur ugi kedah ngendika kanthi santun inggih menika kanthi nggatosaken *prinsip* kesantunan supados pirembaganipun lancar.
2. Kangge panaliti, panaliten menika dereng sampurna pramila kaangkah wonten panaliten salajengipun ingkang naliti babagan *prinsip kerja sama* ing pirembagan amargi *prinsip* pirembagan ing *Pragmatik* menika wonten kalih, inggih menika *prinsip kerja sama* saha *prinsip* kesantunan.

DAFTAR PUSTAKA

- Alwasilah, Chaedar. 1985. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi. 2005. *Buku Pinter Budaya Jawa*. Yogyakarta: Gelombang Pasang.
- Halliday dan Ruqaiya Hasan (terjemahan Barori). 1994. *Bahasa Konteks dan Teks: Aspek-Aspek Bahasa dalam Semiotika Sosial (terjemahan)*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Leech, Geoffrey (terjemahan M.D.D Oka). 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik*. Jakarta: UI Press.
- Maryati. 2012. Penyimpangan Prinsip Kerja Sama dan Prinsip Kesopanan dalam Acara Humor Dhagelan Basiyo. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa, FBS UNY.
- Mastoyo, Tri J. K. 2007. *Pengantar (Metode) Penelitian Bahasa*. Yogyakarta: Carasvatibooks.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode, dan Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Mulyani, Siti. 2004. "Penyimpangan Aspek Pragmatik dalam Wacana Humor Verbal Tulis Berbahasa Jawa". *Litera*, 1, 1, halm. 39-49.
- Nababan, P. W. J. 1987. *Ilmu Pragmatik: Teori dan Penerapannya*. Jakarta: Depdikbud.
- Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Purwo, Bambang Kaswanti. 1990. *Pragmatik dan Pengajaran Bahasa: Menyibak Kurikulum 1984*. Yogyakarta: Kanisius.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Rahmaningrum, Fitri. 2010. Strategi Kesopanan dalam Komik Titeuf Karya Philipp Chappuis. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Program Studi Pendidikan Bahasa Jerman, FBS UNY.

- Rustono. 1999. *Pokok-Pokok Pragmatik*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Setiyadi, Bambang. 2006. *Metode Penelitian untuk Pengajaran Bahasa Asing Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sudaryanto.1988. *Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Soeparno. 2002. *Dasar-Dasar Linguistik Umum*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana Yogya.
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Widayat, Afendy. 2006. *Diktat Drama Jawa*. Yogyakarta: FBS UNY.

LAMPIRAN

Data Prinsip Kesantunan ing Naskah Kethoprak Udhare Janget Kinatelon Anggitanipun Gondhol Sumargiyono

| No. | Data | Kawontenan nalika Rerembagan | Kategori | | Maksim | | | | | | Ukuranipun | | | | | Wujud | |
|-----|--|---|----------|---|--------|---|---|---|----|----|------------|----|----|----|----|---|---|
| | | | J | N | w | m | p | a | s | t | tb | pl | l | o | j | | |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | |
| 1. | <p>Samber Nyawa: “.... Sinuwun Paku Buwana ming dadi sranane Landa. Dene wayange pepatih dalem. Kawula wis padha dadi kurban, mula iki dudu pungkasane Samber Nyawa. Mokal yen aku bakal ngrampungki kekarepan nundhung Landa. Yen aku mukti, kabeh kudu mukti. ti ji ti beh. ...”</p> <p>Rakyat: “<i>tijitibeh. Mati siji mati kabeh.</i>”</p> | <p>S: Mangkunegaran, ing sangajenging rakyat. P: Pangeran Samber Nyawa kaliyan rakyatipun. E: rakyatipun sarujuk kaliyan kekajenganipun Pangeran Samber Nyawa A: Bibar maos serat prajanjen Salatiga, Pangeran Samber Nyawa medharaken kekajenganipun badhe nundhung Walandi. K: tegas saha kendel. I: ragam lisan N: ngginakaken basa ngoko amargi Pangeran Samber Nyawa menika minangka raja. G: wacana lisan/rerembagan</p> | √ | | √ | | | | | | | √ | | | | | <p>Wujudipun: Pangeran Samber Nyawa ngutamekaken begja kangge mitra tuturipun. Wosipun: Mitra tutur dipunbelani dening panutur. Ukuran: Pangeran Samber Nyawa kersa perang nundhung Walandi amrih muktining rakyatipun.</p> |
| 2. | <p>Samber Nyawa: (katingal saweg menggalih amargi cuwa penggalhipun). Prawira Peksa: “(nyembah) Njeng Pangeran. Sampun</p> | <p>S: Mangkunegaran, kereng. P: Pangeran Samber Nyawa saha Prawira Peksa. E: Pangeran Samber Nyawa</p> | √ | | | | | | | √ | | | | √ | | <p>Wujudipun: Prawira Peksa ngutamekaken raos repa slira dhumateng Pangeran Samber Nyawa. Wosipun: Panutur ngaturi</p> | |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|----|---|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | ta, ..sampun sanget-sanget anggenipun menggalih. Slira dalem mangke gerah lho.” | boten menggalih sanget-sanget malih. A: Prawira peksa ngaturi supados Pangeran Sember Nyawa boten menggalih sangget-sanget. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: ngginakaken basa krama amargi Pangeran Sember Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | mitra tuturipun supados boten menggalih sanget-sanget. Ukuran: Tumenggung Prawira Peksan ngginakaken basa krama nalika rerembagan kaliyan Pangeran Sember Nyawa amargi Pangeran Sember Nyawa menika rajanipun. |
| 3. | Samber Nyawa: (katingal saweg menggalih amargi cuwa penggalhipun). Randhu Welang: “Utawi malih, rak boten ingkang kedah dipunpenggalih ta?” | S: Mangkunegaran, kereng. P: Pangeran Sember Nyawa kaliyan Randhu Welang. E: Pangeran Sember Nyawa boten menggalih malih amargi sampun boten wonten babagan ingkang wigatos. A: Randhu Welang nyepelekaken prekawis ingkang saweg dipunpenggalih Pangeran Sember Nyawa. K: formal I: ragam lisan | | √ | | | | | | √ | | | √ | | | Wujudipun: Randhu Welang boten ngutamekaken raos tepa slira dhumateng Pangeran Sember Nyawa. Wosipun: Panutur nyepelek-aken kawontenanipun mitra tutur. Ukuran: Randhu Welang nyepelekaken prekawis ingkang saweg dipunpenggalih dening Pangeran Sember Nyawa kanthi langsung. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|----|--|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | | N: ngginakaken basa krama amargi Pangeran Sember Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | |
| 4. | Kudana Warsa: “Kakang Randhu Welang, sampeyan niku ngerti napa ethok-ethok ora ngerti?” Randhu Welang: (nyenyongas Kudana Warsa) “Lho, napa sing dereng kula ngerteni?” | S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Kudana Warsa kaliyan Randhu Welang. E: nyethakaken pangandikanipun mitra tutur. A: Randhu Welang kaliyan Kudana Warsa padu amargi Randhu Welang ingkang boten nggatosaken kawontenan. K: sesingitan I: ragam lisan N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang. G: rerembagan. | | √ | | | | √ | | | | | | √ | | Wujudipun: Randhu Welang boten ngutamekaken raos andhap asor. Wosipun: Panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat. |
| 5. | Randhu Welang: (nyenyongas Kudana Warsa) “Lho, napa sing dereng kula ngerteni?” Kudana Warsa: “Penggalihe Njeng Pangeran Sember | S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Kudana Warsa kaliyan Randhu Welang. E: adu pamanggih A: Randhu Welang rumaos | | √ | | | √ | | | | | | | √ | | Wujudipun: Kudana Warsa ngasorake n Randhu Welang Wosipun: Panutur nyariosaken awonipun mitra tutur. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|----|--|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | Nyawa niku seg ribet. Ribet merga mireng atur sampeyan. Semonten ugi kula kalih para pendherek! Ati kula cuwa Kang.” | piyambakipun sampun mangertos samudayanipun. Kudana Warsa mbantah pamanggihipun Randhu Welang. K: sesingitan I: ragam lisan N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat. |
| 6. | Kudana Warsa: “Lha napa kabeh kudu dikandhakke nganggo basa sing mubeng minger? Napa kabeh kudu diblakakke nek kakang Randhu Welang meksa Njeng Pangeran Sember Nyawa nyawiji malih kalih Njeng Pangeran Mangkubumi, Kanjeng Sunan Paku Buwana, lan Landa. Ngoten napa?” Randhu Welang: “ Sik ta! Kula niki ming matur napa ontene. Cobi dipenggalih | S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Kudana Warsa kaliyan Randhu Welang. E: paring panyaruwe dhumateng mitra tutur. A: Kudana Warsa boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Randhu Welang. Semanten ugi Randhu Welang boten sarujuk kaliyan pamanggihipun Kudana Warsa. K: sesingitan I: ragam lisan | | √ | | | | | √ | | | | | √ | | Wujudipun: Randhu Welang boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa. Wosipun: Panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur. Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|----|---|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | tenan. Kawula isa ayem tentrem nek para nayaka ora dha rebut bener....” | N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | |
| 7. | Randhu Welang: “... Cobi dipenggalih tenan. Kawula isa ayem tentrem nek para nayaka ora dha rebut bener. Para kawula isa mangan enak, turu kepenak nek sing kuwasa ora rebutan bandha, ... tekak tinekak, pidak pinidak, sikut sinikut. Nek negarane tentrem kawulane rak nggih ayem ta?” Prawira peksa: “ (nyaut) ning derdah niku dumadi merga pranatane dipunawut-awut Landa. Cengkahe para nayaka lantaran didu komba dening antek-anteke kompeni, Kang!” | S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Prawira Peksa kaliyan Randhu Welang. E: paring panyaruwe pamanggihipun mitra tutur. A: Randhu Welang sampun boten kersa perang malih, Prawira Peksa boten sarujuk kaliyan Randhu Welang. K: sesingitan I: ragam lisan N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang. G: rerembagan. | | √ | | | | | √ | | | | | √ | | Wujudipun: Prawira Peksa boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Randhu Welang. Wosipun: Panutur nyaut utawi nyelani pangandikanipun mitra tutur. Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Prawira Peksa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat. |
| 8. | Prawira peksa: “ (nyaut) ning derdah niku dumadi merga pranatane | S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Prawira Peksa kaliyan | | √ | | | | | √ | | | | | √ | | Wujudipun: Randhu Welang boten ngutamekaken raos |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|----|--|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | <p>dipunawut-awut Landa. Cengkahe para nayaka lantaran didu komba dening antheke-antheke kompeni, Kang!”</p> <p>Randhu Welang: “Salahe sapa sing gelem didu? Salahe sinten sing ora manut? Nek manut rak mesti ora ana derdah. Ya ora Ca?” (ngadhup para prajurit)</p> | <p>Randhu Welang.</p> <p>E: paring panyaruwe pamanggihipun mitra tutur.</p> <p>A: Randhu Welang sampun boten kersa perang malih, Prawira Peksa boten sarujuk kaliyan Randhu Welang.</p> <p>K: sesingitan</p> <p>I: ragam lisan</p> <p>N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang.</p> <p>G: rerembagan.</p> | | | | | | | | | | | | | | <p>sarujuk kaliyan Prawira Peksa</p> <p>Wosipun: Panutur paring panyaruwe dhumateng mitra tutur.</p> <p>Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Prawira Peksa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat.</p> |
| 9. | <p>Samber Nyawa: “Uwis... uwis Kudana Warsa, Prawira Peksa, lan kowe Randhu Welang.</p> <p>Tetelune: “Injih, Njeng Pangeran.”</p> | <p>S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon.</p> <p>P: Pangeran Samber Nyawa, Prawira Peksa, Kudana Warsa, saha Randhu Welang.</p> <p>E: mitra tutur boten sami padudon malih.</p> <p>A: Pangeran Samber Nyawa nengahi padudon antawisipun senopati perangipun.</p> <p>K: <i>formal</i></p> <p>I: ragam lisan</p> <p>N: Pangeran Samber Nyawa</p> | √ | | | | | | √ | | | | | √ | | <p>Wujudipun: Kudana Warsa, Prawira Peksa, saha Randhu Welang ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Pangeran Samber Nyawa.</p> <p>Wosipun: Panutur nglaksanakaken kersanipun mitra tutur.</p> <p>Ukuran: Randhu Welang, Kudana Warsa, saha Prawira Peksa matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|--|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|--|---|
| | | ngginakaken ngoko amargi piyambakipun menika raja, dene senopati perangipun ngginakaken basa krama. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | ngginakaken ukara ingkang santun amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. |
| 10. | <p>Samber Nyawa: “Leremna atimu. Aja padha padudon dhewe.”</p> <p>Kudana Warsa: “Lepat nyuwun sih pangapunten dalem. Latuning manah boten saget kula pekak amargi kakang Randhu Welang sampun boten nedahaken watak satriya betengi gegayuhan dalem.”</p> | <p>S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon.</p> <p>P: Pangeran Samber Nyawa, Prawira Peksa, Kudana Warsa, saha Randhu Welang.</p> <p>E: mitra tutur boten sami padudon malih.</p> <p>A: Pangeran Samber Nyawa nengahi padudon antawisipun senopati perangipun. Kudana Warsa nyariosaken sebabipun padudon menika.</p> <p>K: <i>formal</i></p> <p>I: ragam lisan</p> <p>N: Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ngoko amargi piyambakipun menika raja, dene senopati perangipun ngginakaken basa krama.</p> <p>G: rerembagan.</p> | √ | | | | | √ | | | | | √ | | <p>Wujudipun: Kudana Warsa ngutamekaken raos andhap asor.</p> <p>Wosipun: Panutur kersa ngakeni kaluputanipun.</p> <p>Ukuran: Kudana Warsa matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ukara ingkang santun amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun.</p> | |
| 11. | Kudana Warsa: “Kakang | S: Mangkunegaran, | | √ | | | | | √ | | | | | √ | | Wujudipun: Randhu |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | |
|-----|--|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | <p>Randhu Welang! Sampeyan niku sarujuk boten nek Njeng Pangeran pisah kalih Njeng Pangeran Mangkubumi lan ngadani perang mungsuh Landa?"</p> <p>Randhu Welang: "Elhooo, ... sampeyan niku priputa? Kawontenan wis tentrem kok malah arep digawe kisruh meneh. Blaka mawon nggih. Kula niku empun jeleh mlebu desa, ndhelik lan perang sesingitan. ..."</p> | <p>kereng,wonten padudon. P: Kudana Warsa kaliyan Randhu Welang. E: paring panyaruwe pamanggihipun mitra tutur. A: Kudana Warsa nyuwun pirsu dhumateng Randhu Welang. Randhu Welang mangsuli bilih boten sarujuk kaliyan Kudana Warsa. K: sesingitan I: ragam lisan N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang. G: rerembagan.</p> | | | | | | | | | | | | | | | <p>Welang boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa. Wosipun: Panutur mbantah pamanggihipun mitra tutur. Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kekalihipun sederajat.</p> |
| 12. | <p>Kudana Warsa: "O, ngerti kula. Sampeyan wis kanggonan jirih! Kula mawon wani ninggal raja brana, ninggal anak bojo dinggo kayayane ibu pertiwi, lha kok sampeyan malah miyur!"</p> <p>Randhu Welang: "Nek riyin, kula niku padha</p> | <p>S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Kudana Warsa kaliyan Randhu Welang. E: paring panyaruwe pamanggihipun mitra tutur. A: Kudana Warsa ngendika bilih Randhu Welang menika jirih. Randhu Welang boten trima kaliyan pangandikanipun Kudana</p> | | √ | | | √ | | | | | | | √ | | | <p>Wujudipun: Kudana Warsa ngasoraken Randhu Welang. Wosipun: Panutur nyariosaken awonipun mitra tutur. Ukuran: Kudana Warsa ngendika kaliyan Randhu Welang ngginakaken ukara ingkang kirang</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | <p>sampeyan. Uga ngugemi sesanti <i>tiji tibeh</i>. Mukti siji mukti kabeh, mati siji mati kabeh. Ning napa entuk-entukane? Boten ontèn Dhi!.. ...”</p> | <p>Warsa. K: sesingitan I: ragam lisan N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang. G: rerembagan.</p> | | | | | | | | | | | | | | <p>santun amargi kecalihipun sederajat.</p> |
| 13. | <p>Kudana Warsa: “... Ning tumrap Njeng Pangeran, sing diarani tentrem niku nek sing nemtokke pernatlan lan nata paprentahan niku bangsane dhewe kang! Dede Landa!</p> <p>Randhu Welang: “Lhooo, nek ngoten Adhi seneng nek okeh banten teng sadhengah papan? Adhi boten bungah nek para prajurit isa leren lan ketemu kulawargane, boten dioyak-oyak perang, perang lan perang. Eling lho Dhi. Perang niku nggawa kurban ora sithik. ...”</p> | <p>S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Kudana Warsa kaliyan Randhu Welang. E: paring panyaruwe pamanggihipun mitra tutur. A: Kudana Warsa kagungan pamangih bilih negara badhe tentrem bilih ingkang nemtokaken pranatan menika bangsanipun piyambak. Randhu Welang boten sarujuk kaliyan pamanggihi menika. K: sesingitan I: ragam lisan N: ngginakaken basa ngoko alus amargi sami-sami senopati perang. G: rerembagan.</p> | | √ | | | | | √ | | | | | √ | | <p>Wujudipun: Randhu Welang boten ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Kudana Warsa. Wosipun: Panutur mbantah pamanggihipun mitra tutur. Ukuran: Randhu Welang ngendika kaliyan Kudana Warsa kanthi ngginakaken ukara ingkang kirang santun amargi kecalihipun sederajat.</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|--|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| 14. | <p>Samber Nyawa: “Apa? (kaget, kuciwa) Kabeh ora sarujuk? ... Banjur apa maneh sing kudu tak lakoni? Merga sejatine aku ora duwe pangajab golek kamukten dhiri, nanging kepengin soroh jiwa raga kanggo kowe kabeh. Uga kanggo kawula sing tak tresnani.”</p> <p>Prawira Peksa: “Mila prayoginipun, Njeng Pangeran tumuli paring dhawuh nglajengaken perang mengsah Landi. ...”</p> | <p>S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Pangeran Samber Nyawa kaliyan Prawira Peksa. E: mitra tutur paring nasihat. A: Pangeran Samber Nyawa boten ngertos badhe tumindak kados pundi amargi kawulanipun sami boten sarujuk kaliyan prajanjen Salatiga. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ngoko amargi piyambakipun menika raja, dene senopati perangipun ngginakaken basa krama. G: rerebagan.</p> | √ | | | √ | | | | | √ | | | | | <p>Wujudipun: Pangeran Samber Nyawa damel tuna piyambakipun. Wosipun: Panutur badhe soroh jiwa raganipun kangge mitra tutur. Ukuran: Pangeran Samber Nyawa kedah soroh jiwa raga kangge rakyatipun.</p> |
| 15. | <p>Prawira Peksa: “Njeng Pangeran, boten namung Landi, pamanggih kula antheke-anthekipun injih kedah dipunsirnakaken.”</p> <p>Samber Nyawa: “Kowe bener Prawira Peksa.”</p> | <p>S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Pangeran Samber Nyawa kaliyan Prawira Peksa. E: mitra tutur sarujuk kaliyan pamanggihipun panutur. A: Prawira Peksa paring pamrayogi dhumateng</p> | √ | | | | | | √ | | | | | √ | | <p>Wujudipun: Pangeran Samber Nyawa ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Prawira Peksa. Wosipun: Panutur ngleresaken pamanggihipun mitra</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | Antheke-anthekipun Landa luwih nggegirisi. Ora beda karo Jayasudirga.” | Pangeran Samber Nyawa supados antheke-anthekipun Walandi kedah dipunsirnakaken ugi. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ngoko amargi piyambakipun menika raja, dene senopati perangipun ngginakaken basa krama. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | tutur. Ukuran: Sanadyan Pangeran Samber Nyawa ngginakaken basa Jawi ngoko ananging rerembagan menika kalebet rerembagan ingkang santun amargi kalenggahanipun langkung inggil tinimbang Prawira Peksa. |
| 16. | Samber Nyawa: “Kowe bener Prawira Peksa. Antheke-anthekipun Landa luwih nggegirisi. Ora beda karo Jayasudirga.” Prawira Peksa: “ Leres Njeng Pangeran. Kanjeng Sunan namung minangka wayangipun Jayasudirga ingkang sampun pidak jempol kaliyan Landi.” | S: Mangkunegaran, kereng, wonten padudon. P: Pangeran Samber Nyawa kaliyan Prawira Peksa. E: mitra tutur sarujuk kaliyan pamanggihipun panutur. A: Pangeran Samber Nyawa kagungan pamanggihing ingkang sami kaliyan Prawira Peksa bilih Patih Jayasudirga menika salah satunggaling anthekipun Walandi. K: <i>formal</i> I: ragam lisan | √ | | | | | | √ | | | | | √ | | Wujudipun: Prawira Peksa ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Pangeran Samber Nyawa. Wosipun: Panutur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur. Ukuran: Prawira Peksa matur dhumateng Pangeran Samber Nyawa ngginakaken ukara ingkang santun amargi kalenggahanipun Pangeran Samber Nyawa |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|--|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | | N: Pangeran Sumber Nyawa ngginakaken ngoko amargi piyambakipun menika raja, dene senopati perangipun ngginakaken basa krama. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | langkung inggil. |
| 17. | Patih Jayasudirga: “(lantang) Mangga... mangga para kadang, mangga dipunrahapi dhaharan ingkang sampun cumawis, lan mangga sami suka-suka. ” Para tamu: “Injih Ki Patih.” | S: dalemipun Patih Jayasudirga, suka-suka. P: Patih Jayasudirga kaliyan para dhayohipun. E: para dhayoh sami suka-suka. A: Patih Jayasudirga ngaturi para dhayohipun supados ngrahapi dhaharan saha sami suka-suka. K: kanthi remening penggalih. I: ragam lisan. N: Patih Jayasudirga kaliyan para dhayohipun sami-sami ngginakaken basa krama minangka wujud pakurmatan. G: rerembagan. | √ | | √ | | | | | | √ | | | | | Wujudipun: Patih Jayasudirga ngutamekaken begjanipun para dhayoh. Wosipun: Panutur paring pasugatan dhumateng mitra tutur Ukuran: Patih Jayasudirga tuna amargi kedah nyugata para dhayohipun kanthi sae. |
| 18. | Patih Jayasudirga: “(marang penari) ayo-ayo | S: dalemipun Patih Jayasudirga, suka-suka. | √ | | | | | | √ | | | | | √ | | Wujudipun: Para dhayoh ngutamekaken |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | <p>ledheke ndang njoget! Sing ngibing selak ora sranta.. Iya ora Ca?"</p> <p>Para tamu: "Leres Ki Patih!"</p> | <p>P: Patih Jayasudirga, penari, kalian para dhayohipun. E: Penari wiwit njoget. A: Patih Jayasudirga ngutus penarinipun supados enggal njoget. Patih Jayasudirga nyuwun pasarujukan kaliyan para dhayohipun kangge ngleresaken pangandikanipun. K: kanthi remening penggalih. I: ragam lisan. N: Patih Jayasudirga ngginakaken Basa ngoko amargi piyambakipun Raja. Para dhayohipun mangsuli ngginakaken basa krama. G: rerembagan.</p> | | | | | | | | | | | | | | <p>raos sarujuk kaliyan Patih Jayasudirga. Wosipun: panatur ngleresaken pamanggihipun mitra tutur. Ukuran: Para dhayoh sesarengan matur dhumateng Patih Jayasudirga ngginakaken ukara ingkang santun amargi kalenggahanipun Patih Jayasudirga langkung inggil.</p> |
| 19. | <p>Pengrawit: "Ning dibayar lho niki."</p> <p>Patih Jayasudirga: "Iya- iya!! Ora ngerti pa nek aku ki entuk kekucah? Aku pinter. Sugih! Uripku wis mulya! Saben sasi nampa</p> | <p>S: dalemipun Patih Jayasudirga, suka-suka. P: Patih Jayasudirga kaliyan para pengrawit E: pengrawit dipunparingi bayaran. A: Para pengrawit nyuwun bayaran dhumateng Patih</p> | | √ | | | | √ | | | | | √ | | | <p>Wujudipun: Patih Jayasudirga boten ngutamekaken sipat andhap asor. Wosipun: Panatur menika tiyang ingkang kumalungkung. Ukuran: Patih Jayasudirga</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | kekucuh seka Landa lan Kanjeng Sunan! Dadi kowe kabeh ora perlu kuwatir!” | Jayasudirga. Patih Jayasudirga badhe maringi bayaran kanthi gemedhe. K: santai I: ragam lisan. N: Para tamu ngginakaken basa ngoko alus, salajengipun dipunwangsuli dening Patih Jayasudirga ngginakaken basa ngoko amargi kawontenanipun santai. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | nyariosaken kawontenanipun piyambak kanthi langsung, satemah katingal kumalungkung. |
| 20. | Randhu Welang: “Boten Ki Patih.” Patih Jayasudirga: “Apa malah kowe wis klakon nigas janggane Raden Mas Said njur arep njaluk bebungah? ... Ha ha ha... aja kuwatir! Mengko tak aturne Kanjeng Tuwan, kowe mesthi diparingi bebungah! Uripmu bakal sugih mblegedhu kaya aku! Ha ha ha.” | S: dalemipun Patih Jayasudirga. P: Patih Jayasudirga kaliyan Randhu Welang E: Atur panglapur. A: Randhu Welang atur panglapur dhumateng Patih Jayasudirga babagan Pangeran Sember Nyawa. K: <i>formal</i> I: ragam lisan. N: Randhu Welang ngginakaken basa krama dene Patih Jayasudirga | | √ | | | | √ | | | | | √ | | | Wujudipun: Patih Jayasudirga boten ngutamekaken sipat andhap asor. Wosipun: Panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Ukuran: Patih Jayasudirga nyariosaken kawontenanipun piyambak kanthi langsung, satemah katingal kumalungkung. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|--|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | | ngginakaken basa ngoko amargi Randhu Welang menika utusanipun Patih Jayasudirga. G: rerebagan. | | | | | | | | | | | | | | |
| 21. | Randhu Welang: “Kula badhe wangsul dhateng dhusun kemawon, wangsul dados tani. Malah menawi kepareng kula badhe nyuwun pawitan kangge sangu gesang kula Ki Patih.” Patih Jayasudirga: “Ha kok le mlunyah. Le nyunur! Ha nek kowe wis ra isa caos pelapuran ateges kuwajibanmu wis rampung! Merga wis dudu andhahanku maneh!” | S: dalemipun Patih Jayasudirga. P: Patih Jayasudirga kaliyan Randhu Welang E: Panutur pikantuk sangu. A: Randu Welang nyuwun sangu dhumateng Patih Jayasudirga, ananging boten dipunparingi. K: <i>formal</i> I: ragam lisan. N: Randhu Welang ngginakaken basa krama dene Patih Jayasudirga ngginakaken basa ngoko amargi Randhu Welang menika utusanipun Patih Jayasudirga. G: rerebagan. | | √ | | √ | | | | | √ | | | | | Wujudipun: Randhu Welang ngutamekaken begja kangge piyambakipun. Wosipun: panutur nyuwun peparing saking mitra tuturipun. Ukuran: Randhu Welang damel begja piyambakipun kanthi nyuwun pawitan kangge sangu gesang. |
| 22. | Patih Jayasudirga: “ Ora lamis! Aku ki biyen ming mernahke kowe supaya | S: dalemipun Patih Jayasudirga. P: Patih Jayasudirga kaliyan | | √ | | | | √ | | | | | √ | | | Wujudipun: Patih Jayasudirga boten ngutamekaken sipat |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | |
|-----|---|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | <p>kepenak. Coba nek kowe melu Samber Nyawa! Uripmu methi kesrakat! Ning bareng melu aku undhak-undhakanmu rak ya akeh ta? Omahmu gedhong, raja Brana tak teri, bojomu sing biyen siji saiki pirang-pirang. Coba ta pikiren! Aku ki kurang apa?"</p> <p>Randhu Welang: "Kula namung nyuwun ingkang dados wenang kula."</p> | <p>Randhu Welang E: Panutur pikantuk sangu. A: Randu Welang nyuwun sangu dhumateng Patih Jayasudirga, ananging boten dipunparingi. K: <i>formal</i> I: ragam lisan. N: Randhu Welang ngginakaken basa krama dene Patih Jayasudirga ngginakaken basa ngoko amargi Randhu Welang menika utusanipun Patih Jayasudirga. G: rerembagan.</p> | | | | | | | | | | | | | | | <p>andhap asor. Wosipun: panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Ukuran: Patih Jayasudirga nyariosaken kawontenanipun piyambak kanthi langsung, satemah katingal kumalungkung.</p> |
| 23. | <p>Randhu Welang: " (seneng banjur nyerak) matur nuwun Ki Patih.. (saking senenge lali Randhu Welang den suduk keris dening Patih Jayasudirga)."</p> <p>Patih Jayasudirga: "Hahahaa, wong ki nek bodho, mula aja semblethengan karo aku.</p> | <p>S: dalemipun Patih Jayasudirga. P: Patih Jayasudirga kaliyan Randhu Welang E: Panutur pikantuk sangu. A: Randhu Welang ngraos gumbira amargi badhe pikantuk sangu, ananging malah dipunsuduk keris kaliyan Patih Jayasudirga. K: <i>formal</i></p> | | √ | | | | √ | | | | | √ | | | | <p>Wujudipun: Patih Jayasudirga boten ngutamekaken sipat andhap asor. Wosipun: panutur menika tiyang ingkang kumalungkung. Ukuran: Patih Jayasudirga nyariosaken kawontenanipun piyambak kanthi langsung</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | Pepatih dalem je disepelekake. Hahahahah.” | I: ragam lisan. N: Randhu Welang ngginakaken basa krama dene Patih Jayasudirga ngginakaken basa ngoko amargi Randhu Welang menika utusanipun Patih Jayasudirga. G: rerebagan. | | | | | | | | | | | | | | satemah katingal kumalungkung. |
| 24. | Hamengku Buwana I: “(nesu) Ngirida prajurit sacukupe! Pethukke Samber Nyawa. Wenehana ngerti yen ingsun ora kepengin ngadani perang mungsuw sedulur tunggal bangsa, luwih-luwih tilas putra mantu. Nanging yen Samber Nyawa tetep puguh, purba wasesa ingsun paringake Sira.” Wiralaga: “ Sendika. ” | S: Alun-alun Kraton Ngayogyakarta P: Hamengku Buwana I kaliyan Wiralaga E: Mitra tutur nglaksanakaken kersanipun panutur. A: Hamengku Buwana I paring dhawuh dhumateng Wiralaga supados ngirid prajurit kangge murugi Pangeran Samber Nyawa ingkang sampun ngobrak- abrik kalenggahanipun Pangeran Mangkubumi. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: Wiralaga ngginakaken | √ | | | | | | √ | | √ | | | | | Wujudipun: Wiralaga ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Hamengku Buwana I Wujudipun: panutur nindakaken kersanipun mitra tutur Ukuran: Wiralaga tuna amargi kedah rekaos ngirid prajurit mapag Pangeran Samber Nyawa. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | | basa krama dene Hamengku Buwana I ngginakaken basa ngoko amargi Wiralaga menika andhahanipun Hamengku Buwana I. G: rerebagan | | | | | | | | | | | | | | |
| 25. | Mbok Ajeng Wiyah: “Kanca-kanca sing taktresnani. Atiku bungah lan mongkog, dene kowe kabeh nyengkuyung gegayuhane Pangeran Sember Nyawa. Mula rehne wis sawetara nggonmu gladhen, kowe kabeh kena ngaso dhisik. ” Prajurit Wanita: “Nggih Mbok Ajeng. Ayo ca, ... leren dhisik olehe gladhen.. (ngaso, pijet-pijetan lan sapintarane).” | S: Sokawati P: Mbok Ajeng Wiyah kaliyan para prajurit putri. E: Mitra tutur sumene. A: Mbok Ajeng Wiyah ndhawuhi kanca-kancanipun supados sumene amargi sampun dangu anggenipun gladhen. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken basa ngoko, dene kanca-kancanipun ngginakaken basa krama amargi Mbok Ajeng Wiyah menika ingkang mandhegani. G: rerebagan. | √ | | √ | | | | | | | | | √ | | Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken begja kangge kanca-kanca prajurit putri. Wosipun: panatur ndhawuhi mitra tuturipun supados sumene rumiyin. Ukuran: Mbok Ajeng Wiyah patut ngginakaken basa ngoko dhumateng para prajurit putri amargi piyambakipun langkung inggil kalenggahanipun. |
| 26. | Sember Nyawa: “Iya... Mbok Ajeng, wis suwe nggonmu gladhen? ... Apa | S: Sokawati P: Mbok Ajeng Wiyah kaliyan Pangeran Sember | √ | | | √ | | | | | √ | | | | | Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken tuna |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|--|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | <p>ora sayah?"</p> <p>Mbok Ajeng Wiyah: "Boten Njeng Pangeran, malah saya remen. Semanten ugi kanca-kanca menika. Sanadyan jejering wanita nanging rumaos gadhah tanggel jawab tumut ndhepani ibu pertiwi."</p> | <p>Nyawa E: nuwuhaken raos akrab. A: Pangeran Samber Nyawa rerembagan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah. K: santai I: ragam lisan N: Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken basa krama, dene Pangeran Samber Nyawa ngginakaken basa ngoko amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan.</p> | | | | | | | | | | | | | | <p>kangge pribadinipun Wosipun: panutur nutupi raos sayahipun saking mitra tutur. Ukuran: Mbok Ajeng Wiyah tuna amargi kedah ethok-ethok boten sayah.</p> |
| 27. | <p>Samber Nyawa: "(ngguyu) yoh, penggalihku bungah mireng aturmu. (nyedhak) Rehne aku arep ana perlu marang kowe, mula kanca-kancamu dikonsumingkir dhisik.</p> <p>Mbok Ajeng Wiyah: "Sendika.... Ca, dhawuh dalem kowe kabeh didhawuhi sumingkir."</p> | <p>S: Sokawati P: Mbok Ajeng Wiyah kaliyan Pangeran Samber Nyawa E: mitra tutur nglaksanakaken kersanipun panutur A: Pangeran Samber Nyawa ngutus mbok Ajeng Wiyah supados ndhawuhi kanca-kancanipun sumingkir rumiyin.</p> | √ | | | | | | √ | | √ | | | | | <p>Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Pangeran Samber Nyawa Wosipun: panutur nindakaken kersanipun mitra tutur. Ukuran: Mbok Ajeng Wiyah tuna amargi kedah nindakaken kersanipun Pangeran Samber Nyawa.</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | | <p>K: santai I: ragam lisan N: Pangeran Sember Nyawa minangka raja ngginakaken basa ngoko. Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken basa krama nalika ngendika kaliyan Pangeran Sember Nyawa saha ngginakaken basa ngoko nalika ngendika kaliyan kanca-kancanipun. G: rerembagan.</p> | | | | | | | | | | | | | | |
| 28. | <p>Samber Nyawa: "... Aku isih eling... rikala Ki Demang nanggap wayang biyen, aku kaget lan gumun dene ing tengah wengi ana cahya sumunar sing cumlorot seka anggamu. Miturut para sepuh, cahya kuwi sing diarani cahya induresmi."</p> <p>Mbok Ajeng Wiyah: "Menapa menika dede soroting blencong ing pakeliran Njeng Pangeran?"</p> | <p>S: Sokawati P: Mbok Ajeng Wiyah kaliyan Pangeran Sember Nyawa E: nuwuhaken raos akrab. A: Pangeran Sember Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah K: santai I: ragam lisan N: Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken basa krama, dene Pangeran Sember Nyawa ngginakaken basa ngoko amargi langkung</p> | √ | | | | √ | | | | | √ | | | | <p>Wujudipun: Pangeran Sember Nyawa tansah paring pangalembana dhumateng Mbok Ajeng Wiyah. Wosipun: panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur. Ukuran: Pangeran Sember Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah kanthi boten langsung. Pangeran Sember Nyawa ngginakaken tembung-</p> |

Tabel salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|--|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | | inggil kalenggahanipun G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | tembung ingkang endah. |
| 29. | <p>Samber Nyawa: “Dudu Mbok Ajeng, ujure para pinter, cahya kuwi cahya indurasmu pindhah cahyaning rembulan sing bisa madhangi bumi. Uga mengku teges kasetyan, katresnan lan kawibawan kang asale seka sliramu.”</p> <p>Mbok Ajeng Wiyah: “Ah.. menapa injih Njeng Pangeran. Manah kula kok malah dados ajrih ta?”</p> | <p>S: Sokawati P: Mbok Ajeng Wiyah kaliyan Pangeran Samber Nyawa E: nuwuhaken raos akrab. A: Pangeran Samber Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah K: santai I: ragam lisan N: Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken basa krama, dene Pangeran Samber Nyawa ngginakaken basa ngoko amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan.</p> | √ | | | | √ | | | | | | √ | | | <p>Wujudipun: Pangeran Samber Nyawa tansah paring pangalembana dhumateng Mbok Ajeng Wiyah. Wosipun: panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur. Ukuran: Pangeran Samber Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah kanthi boten langsung. Pangeran Samber Nyawa ngginakaken tembung-tembung ingkang endah.</p> |
| 30. | <p>Samber Nyawa: Ora sah wedi ora sah bingung. Kowe ki wis dewasa. Mesthine wis tanggap marang kersaku. Yen satemene, aku kepengin mundhut garwa kowe.”</p> | <p>S: Sokawati P: Mbok Ajeng Wiyah kaliyan Pangeran Samber Nyawa E: nuwuhaken raos akrab. A: Pangeran Samber Nyawa andum katresnan kaliyan</p> | √ | | | | | √ | | | | | | √ | | <p>Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekan raos andhap asor. Wosipun: panutur ngawon-ngawonaken piyambakipun. Ukuran: Mbok Ajeng</p> |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | Mbok Ajeng Wiyah: “Punten dalem sewu, kula namung lare dhusun. Dene panjenengan dalem menika tedhak turuning ngaluhur. Menapa mangke boten damel lingsem asma dalem pangeran.” | Mbok Ajeng Wiyah K: santai I: ragam lisan N: Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken basa krama, dene Pangeran Sember Nyawa ngginakaken basa ngoko amargi Pangeran Sember Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | Wiyah matur dhumateng Pangeran Sember Nyawa ngginakaken ukara ingkang santun amargi Pangeran Sember Nyawa menika rajanipun. |
| 31. | Mbok Ajeng Wiyah: “Semanten ugi kula. Pejah badhe kula temah sauger kangge ndhepani ibu pertiwi ingkang dipundaksiya Landi! Semanten ugi para prajurit wanita ingkang cacahipun satus kawan dasa sekawan.” Sember Nyawa: “Yoh, penggalihku bombong mireng aturmu. Tegese ora kleru anggonku milih sliramu dadi garwaku. Mula sineksen jagad | S: Sokawati P: Mbok Ajeng Wiyah kaliyan Pangeran Sember Nyawa E: paring panjurung dhumateng mitra tutur. A: Mbok Ajeng Wiyah siyaga ndherek perang ndhepani Ibu Pertiwi mbiyantu Pangeran Sember Nyawa. Pangeran Sember Nyawa bingah mireng pangandikanipun Mbok Ajeng Wiyah. K: <i>formal</i> I: ragam lisan | √ | | | | √ | | | | | | √ | | | Wujudipun: Pangeran Sember Nyawa tansah paring pangalembana dhumateng Mbok Ajeng Wiyah. Wosipun: panutur andum katresnan kaliyan mitra tutur. Ukuran: Pangeran Sember Nyawa andum katresnan kaliyan Mbok Ajeng Wiyah kanthi boten langsung. Pangeran Sember Nyawa ngginakaken tembung-tembung ingkang endah. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
|-----|---|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | saisine, aku prasetya! Aku dhewe sing bakal nugel sirahe Kapiten Vander Poll, minangka tandha tresnaku marang kowe!” | N: Mbok Ajeng Wiyah ngginakaken basa krama, dene Pangeran Sember Nyawa ngginakaken basa ngoko amargi Pangeran Sember Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | |
| 32. | Samber Nyawa: “Kudana Warsa, Prawira Peksa, age ketabna prajurit methukke kridhane mungsuh.” Kudana Warsa lan Prawira Peksa: “(nyembah-manteb) Sendika, ” | S: Sokawati P: Pangeran Sember Nyawa, Kudana Warsa, saha Prawira Peksa. E: mitra tutur nglaksanaken kersanipun panutur. A: Pangeran Sember Nyawa ngutus Kudana Warsa kaliyan Prawira Peksa supados ngetabaken prajurit murugi kridhanipun mungsuh. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: Kudana Warsa saha Prawira Peksa ngginakaken basa krama, dene Pangeran Sember Nyawa ngginakaken basa ngoko amargi Pangeran | √ | | | | | | √ | | √ | | | | | Wujudipun: Kudana Warsa saha Prawira Peksa ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Pangeran Sember Nyawa. Wosipun: panutur nindakaken kersanipun mitra tutur. Ukuran: Kudana Warsa saha Prawira Peksa matur tuna amargi ngedah rekaos ngetabaken prajurit. |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | |
|-----|--|--|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|----|--|
| | | Samber Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan. | | | | | | | | | | | | | | | |
| 33. | Samber Nyawa: “Mbok Ajeng Wiyah, age mrenea!” Mbok Ajeng Wiyah: “ Sendika! ” | S: Alas Sita Kepyak P: Pangeran Samber Nyawa kaliyan Mbok Ajeng Wiyah E: mitra tutur nglaksanaken kersanipun panutur. A: Pangeran Samber Nyawa ngutus Mbok Ajeng Wiyah supados enggal sowan. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: Kudana Warsa saha Prawira Peksa ngginakaken basa krama, dene Pangeran Samber Nyawa ngginakaken basa ngoko amargi Pangeran Samber Nyawa menika rajanipun. G: rerembagan. | √ | | | | | | √ | | √ | | | | | | Wujudipun: Mbok Ajeng Wiyah ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Pangeran Samber Nyawa. Wosipun: panutur nindakaken kersanipun mitra tutur. Ukuran: Mbok Ajeng Wiyah tuna amargi kedah nglaksanakaken kersanipun Pangeran Samber Nyawa. |
| 34. | Nyai Ratu Paku Buwana II: “... Mula saiki sliramu enggala jengkar menyang desa Tunggon sawetane Bengawan Sala. Temonana pamanmu Mangkubumi lan | S: Surakarta P: Nyai Ratu Paku Buwana II kaliyan Paku Buwana III E: mitra tutur nglaksanakaken kersanipun panutur. | √ | | | | | | √ | | √ | | | | | | Wujudipun: Paku Buwana III ngutamekaken raos sarujuk kaliyan Nyai Ratu Paku Buwana II. Wosipun: panutur nindakaken kersanipun |

Tabel Salajengipun

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | |
|---|--|---|---|---|---|---|---|---|----|----|----|----|----|----|----|----|---|
| | kangmasmu Samber Nyawa.” Paku Buwana III: “ Sendika . Lilah dalem kula suwun.” | A: Nyai Ratu Paku Buwana II ngutus Paku Buwana III supados nengahi perangipun Pangeran Mangku Bumi saha Pangeran Samber Nyawa. K: <i>formal</i> I: ragam lisan N: Senadyan raja, Paku Buwana III ngginakaken basa krama dhumateng Nyai Ratu Paku Buwana II amargi kawontenanipun inggih menika putra kaliyan biyungipun. G: rerebagan | | | | | | | | | | | | | | | mitra tutur. Ukuran: Paku Buwana III tuna amargi kedah nglaksanakaken kersanipun Nyai Ratu Paku Buwana II. |

Katrangan:

J : jumbuh

N : nyebal

Maksim Kesantunan

w : kawicaksanan

m : kamirahan

p : pangalembana

a : andhap asor

s : sarujuk

t : tepa slira

Ukuran Kesantunan

tb : tuna-begja

pl : pilihan

l : langsung-boten langsung

o : *keotoritasan*

j : jarak social